



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT  
2014

# Pamekar Diajar **BASA SUNDA**

Pikeun Murid SD/MI Kelas V

KURIKULUM 2013



**V**

# Pamekar Diajar **BASA SUNDA** Pikeun Murid SD/MI Kelas V

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat  
Ditangtayungan ku Undang-undang

**Disklaimer:** Ieu buku téh diajangkeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

## **PANYUSUN:**

Tatang Sumarsono  
Ahmad Hadi  
Ano Karsana  
Asep Ruhimat  
Darpan  
Dede Kosasih  
H. Dingding Haerudin  
H. Yayat Sudaryat  
Risnawati

## **PENELAAH:**

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.  
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.  
Drs. H. Elin Syamsuri  
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.  
Budi Riyanto

**Rarancang Eusi:** Yoshi Sukadar

**Rarancang Jilid:** Yoshi Sukadar

**Rarancang Gambar:** Toto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3  
Aksara ngagunakeun Arial 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:

**DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT**

ISBN: 978-602-1300-00-8 (Jilid Lengkap)  
978-602-1300-05-3 (Jilid 5)

**Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)**

## KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Éta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanés mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tétéla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompeténsi.

Kalungguhan guru dina posisi agén parobahan utama enggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotésis basajan, saupami guru kagungan kompeténsi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gé kalebet guru basa daérah deuih, tinangtos éta kurikulum bakal tiasa diimpleméntasikeun kalawan merenah.

Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompeténsi guru téh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarékah anu kedah kénging pangajén.

Muga-muga waé harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplémentasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.



Bandung, Desember 2013  
Kepala Dinas Pendidikan  
Provinsi Jawa Barat,

**Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA**  
Pembina Utama Madya  
NIP. 19570807 198601 1 001



## KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *standar kompetensi lulusan, standar isi, standar prosés, sareng standar penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.

Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013  
Kepala Balai Pengembangan  
Bahasa Daerah dan Kesenian,



**Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.**  
Pembina Tk. I  
NIP. 196110051986031014

## Panganteur

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku Pamekar Diajar Basa Sunda. Ieu buku diajangeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian ti éta, apan hidep di sakola diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah

urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/ Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidep getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. *Bismillah ....*

Bandung, Oktober 2013

**Salam ti nu nyusun ieu buku**





# Daptar Eusi


## PANGBAGÉA:


Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat .....	iii
Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian	
Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat .....	v

## PANGANTEUR ..... VII

	<b>PANGAJARAN 1: KAULINAN .....</b>	<b>1</b>
	A. Molahkeun Kaulinan Barudak .....	2
	B. Medar Kaulinan.....	4
	C. Ngajembaran Wawasan .....	5
	D. Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah .....	6
	E. Ngadiskusikeun Kaulinan .....	8
	F. Molahkeun Kaulinan .....	10
	G. Latihan.....	12
	H. Migawé Pancén di Imah.....	12

	<b>PANGAJARAN 2: KAHIRUPAN .....</b>	<b>13</b>
	A. Nembangkeun Pupuh .....	14
	B. Ngadiskusikeun Pupuh .....	15
	C. Ngalarapkeun Kecap.....	16
	D. Nembangkeun jeung Ngadiskusikeun Pupuh .....	17
	E. Nyusun Pupuh .....	21
	F. Bacaeun di Imah .....	22

	<b>PANGAJARAN 3: AKSARA SUNDA .....</b>	<b>25</b>
	A. Nengetan Aksara Sunda .....	26
	B. Mikawanoh Aksara Sunda.....	27
	C. Medar Aksara nu Mirip .....	34
	D. Nulis Aksara Sunda.....	36
	E. Maca Aksara Sunda .....	36

	<b>PANGAJARAN 4: HIRUP SAUYUNAN .....</b>	<b>37</b>
	A. Maca Bedas .....	38
	B. Maham Eusi Paguneman .....	40
	C. Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah .....	42
	D. Molahkeun Paguneman .....	42
	E. Migawé Latihan.....	45
	F. Ngalengkepan Paguneman.....	45
	G. Migawé Pancén di Imah.....	46






<b>PANGAJARAN 5: KASÉHATAN .....</b>	<b>47</b>
A. Maca Jero Haté.....	48
B. Ngadiskusikeun Ubar-Ubaran .....	51
C. Medar Istilah Ubar-Ubaran .....	52
D. Ngalarapkeun Kecap.....	53
E. Ngajembaran Kaweruh .....	55
F. Migawé Pancén di Imah .....	56



<b>PANGAJARAN 6: CINTA LEMAH CAI.....</b>	<b>59</b>
A. Maca Bedas Sajak .....	60
B. Ngadiskusikeun Eusi Sajak .....	61
C. Néangan Harti jeung Ngalarapkeun Kecap .....	62
D. Maham Unsur Sajak.....	63
E. Ngadiskusikeun Sajak.....	64
F. Midangkeun Hasil Diskusi (Sawala) .....	72
G. Migawé Pancén di Imah .....	72



<b>PANGAJARAN 7: KAJADIAN .....</b>	<b>73</b>
A. Maca Jero Haté.....	74
B. Nyawalakeun Eusi Carpon .....	77
C. Ngalarapkeun Kecap.....	78
D. Ngajembaran Carpon.....	79
E. Néangan Harti Kecap.....	82
F. Maca Carpon di Imah.....	83
G. Ngarang Carpon .....	86
H. Nyaritakeun Eusi Carpon .....	88



<b>PANGAJARAN 8: KAJADIAN TEMPAT .....</b>	<b>89</b>
A. Maca Jero Haté.....	90
B. Ngadiskusikeun Dongéng Sasakala.....	92
C. Ngalarapkeun Kecap.....	93
D. Mikaweruh Dongéng .....	95
E. Ngadongeng .....	96
F. Ngajembaran Dongeng .....	100
G. Néangan Dongéng .....	101

<b>DAPTAR PUSTAKA .....</b>	<b>102</b>
-----------------------------	------------

Pangajaran

1

# KAULINAN



Sumber:



Urang Sunda boga rupa-rupa kaulinan barudak. Kaulinan barudak téh ngandung rupa-rupa ajén kahirupan, di antarana waé, ajén hiburan, ajén olahraga, jeung ajén masarakat. Ayeuna ogé hidep bakal diajar ngeunaan kaulinan barudak

## **A. Metakeun Kaulinan Barudak**

Ieu di handap aya bacaan. Eusina perkara kaulinan barudak. Cing di antara hidep aya nu terang kaulinan cingciripit? Sok ngacung, tuluy terangkeun! Upama can tarerang, pék baca dina jero haté, tuluy titénan eusina!

### **Cingciripit**

Baralik sakola Deni, Tanu, Hari, jeung Neng Uni karumpul di imah Féri, Barudak téh limaana natangga jeung sosobatan. Sosobatanana téh ti kelas hiji kénéh. Malah di sakolana ogé sakelompok. Ka ditu ka dieu layout tara papisah. Mémang sosobatan maranéhna téh raket pisan.

Déni : Fér, urang ulin cingciripit, yu!

Féri : Hayu! Témbal Héri haget.

Déni : Nu, Fér, Ni, arék moal?

Tanu : Enya, hayu! Ceuk Tanu bari cengkat.

Néng Uni : Di mana tempatna?

Féri : Urang di dieu wé dina téras imah.

Hari : Ké heula, kumaha carana Fér?

Féri : Babari atuh. Salasaurang namprakkeun dampal leungeun. Nu séjénna nunjukkeun curuk kana luhur dampal leungeun.

Hari : Tuluy kumaha?

Féri : Engké bari ngawih pagancang-gancang metot curukna. Anu telat metot sarta kacekel jadi ucing. Kudu tuluy jadi nu namprakkeun dampal leungeun.

Hari : Enya kaharti ari kitu mah. Hayu atuh!

Tuluy Féri namprakkeun dampal leungeun. Barudak séjénna: Déni, Tanu, Hari, jeung Néng Uni ngantelkeun curuk kana dampal leungeun Féri. Bari namprakkeun dampal leungeun, Féri ngawih kieu.

*Cingciripit  
tulang bajing kacapit  
kacapit ku bulu paré  
bulu paré seuseukutna  
jol pa dalang  
mawa wayang jrék-jrék nong....*



Lebah ngucapkeun “jrék-jrék nong” barudak pagancang-gancang metot curukna. Anu telat metot téh Héri. Atuh curukna kakeupeul ku Féri.

Féri : “Hari ucing. Ceuk Féri bari ngaleupaskeun keupeulanana”

Hari : “Enya, ayeuna giliran Héri nu namprakkeun dampal leungeun”.

Geus kitu mah, barudak téh lalumpatan, diudah ku Hari. Maranéhna arulin nepi ka kadéngé sora adan Asar. Atuh baruiak ka imahna sewang-séwangan. Rék marandi jeung solat Asar. Féri ogé tuluy asup ka imahna.

## B. Medar Kaulinan

Pikeun nyangkem eusi téks, ayeuna urang pedar perkara kaulinan cingciripit téh. Kaulinan cingciripit atawa sok aya ogé nu nyebut dingding kiripit. Ieu kaulinan téh basajan pisan. Cukup ku tiluan atawa opatan tur carana gampang. Salasaurang namprakkeun leungeun, ari nu séjénna neundeun curuk kana dampal leungeun nu ditamprakkeun téa. Sanggeus kitu, nu namprakkeun leungeun téh ngawih kieu.

*Cingciripit  
tulung bajing kacapit  
kacapit ku bulu paré  
bulu paré seuseukeutna  
jol pa dalang  
mawa wayang jrék-jrék nong....*

Waktu ngucapkeun “jék-jék nong”, dampal leungeun nu namprak tuluy dikeupeulkeun. Ari tujuanana pikeun nyapit curuk téa. Saha-saha nu kacapit curukna, jadi ucing. Anu jadi ucingna kudu namprakkeun dampal leungeun bari kakawihan “Cingciripit”.

### Pék jawab pertanyaan ieu di handap!

- 1) Saha waé barudak nu karumpul téh?
- 2) Ngayakeun kaulinan naon barudak téh?
- 3) Ti iraha barudak téh sosobatanana?
- 4) Jaba ti natangga jeung sosobatan, kumaha barudak téh di sakolana?
- 5) Sakurang-kurangna sabaraha urang kaulinan cingciripit téh?
- 6) Kumaha cara-carana ari kaulinan cingciripit?
- 7) Keur naon gunana namprakkeun leungeun dina kaulinan cingciripit?
- 8) Nyaritakeun naon eusi kakawihan cingciripit téh?
- 9) Naon nu kacapit téh? Jeung naon anu nyapitna? Kumaha akibatna mun curuk kacapit?
- 10) Keur naon tujuanana dampal leungeun nu namprak dikeupeulkeun?



## C. Ngajembaran Wawasan

Kaulinan barudak di Tatar Sunda kacida réana. Dina bagian ti heula geus dipidangkeun kaulinan “Cingciripit”. Ayeuna urang medar deui kaulinan barudak séjénna keur ngajembaran wawasan hidep.

### 1. Congklak

Disebut kaulinan congklak téh lantaran pakakas nu dipakéna congklak. Ari congklak téh djeunna tina kai, panjangna kira-kira 40 cm, lébarna kira-kira 15 cm, luhurna maké logak sababaraha hiji, aya nu sapuluh aya nu dua welas. Unggal logak dieusian ku kewuk, siki salak, batu, jsté. Lobana tujuh siki. Cara ulinna piligenti, tepi ka siki congklak beak (arasup kana logak indung).



Sumber: [viandra-onepiece.blogspot.com](http://viandra-onepiece.blogspot.com)

### 2. Éncrak

Éncrak téh kaulinan husus barudak awéwé. Parabot nu dipakéna bal leutik jeung kewuk atawa tutup botol limun sababaraha hiji. Carana, kewuk diawurkeun ka luhur bari ngalungkeun bal. Kewuk nu acak-acakan téh kudu dicokotan hiji-hiji. Nyokotna henteu sagawayah, tapi kudu bari ngalungkeun deui bal. Waktu bal di luhur kewuk kudu geus kacokot. Lian ti éta, dina hiji bagian, kewuk kudu diawurkeun sina pindah kana tonggong dampal leungeun, dikaluhurkeun saeutik, terus dirawu (dicakep). Dina kaulinan éncrak biasana diperlukeun batur duaan atawa tiluan.



Sumber: [www.indogamers.com](http://www.indogamers.com)

### 3. Éngklé

Dina kaulinan éngklé téh digunakeun batu. Biasana baladan (duaan atawa tiluan séwang). Carana, mimiti nyieun heula tanda dina taneuh (make rokrak, cangkang kerang, atawa tutup botol limun). Lian ti nyieun tanda, kudu nyieun gurat sababaraha méter jauhna tina tanda. Ieu gurat téh tempat caricing mun rék ngalungkeun batu. Ari batu téh dialungkeun sina padeukeut-deukeut kana tanda. Sabaraha urang nu pangdeukeutna kana tanda sabaraha urang anu jauh. Anu deukeut jadi balad sarta pangheulana maén. Cara maénna nyaéta batu disimpen dina tonggong dampal suku, dijongjongkeun saeutik ka luhur, terus éngklé-éngkléan dibawa ka hareup pikeun diadukeun (ditémbakkeun) kana batu usuh nu geus dipasang.

#### Pigawé pancén ieu di handap!

Ayeuna hidep néangan kaulinan séjénna, tuluy catet dina buku pancén. Sakurang-kurangna tilu rupa kaulinan.

### D. Ngalarapkeun Kecap Kana Kalimah

Conto:

**dijieun → nyieun**

Ari congklak téh dijieunna tina kai.

Bapa nyieun congklak tina kai.

#### Pigawé cara conto!

1. dieusian → .....


Unggal logak congklak dieusian ku kewuk

Barudak .....

2. dipaké → .....

Bal leutik jeung kewuk dipaké dina kaulinan éncrak.

Kaulinan congklak .....

- 
3. diwurkeun → .....  
Kewuk diawurkeun ka luhur bari ngalungkeun bal.  
Barudak .....
4. dicokotan → .....  
Kewuk nu acak-acakan téh kudu dicokotan hiji-hiji.  
Barudak .....
5. dirawu → .....  
Kewuk téh terus dirawu ku barudak awéwé.  
Barudak awéwé .....
6. diperlukeun → .....  
Dina kaulinan éncrak biasana diperlukeun batur duaan atawa tiluan.  
Kaulinan éncrak biasana .....
7. digunakeun → .....  
Dina kaulinan éngklé téh digunakeun batu.  
Barudak .....
8. dialungkeun → .....  
Ari batu téh dialungkeun sina padeukeut-deukeut kana tanda.  
Barudak .....
9. disimpen → .....  
Batu disimpen dina tonggong dampal suku.  
Barudak .....
10. dijungjungkeun → .....  
Tonggong dampal suku dijungjungkeun saeutik ka luhur.  
Barudak .....

## E. Ngadiskusikeun Kaulinan

Kaulinan barudak téh réa jumlahna. Geura urang titénan deui kaulinan “oray-orayan”. Pék baca heula jero haté!

Kumaha prak-prakanana kaulinan oray-orayan? Di antara hidep aya nu geus apal acan? Bisi can apal, pék baca heula téks ieu di handap.

### Oray-Orayan

Barudak ngumpul limaana atawa genepan. Tuluy nguntuy bari nyekel taktak babaturanana anu aya hareupeunana. Budak nu panghareupna jadi hulu oray, ari nu pangtukangna jadi buntut oray. Geus kitu, leumpang ngénca jeung ngatuhu, nurutan oray ngaléor siga oray. Bari luar-léor téh babarengan ngawih. Ari kawihna kieu:

*Oray-orayan*

*Luar-léor mapay sawah*

*entong ka sawah*

*Paréna keur sedeng beukah*

*Oray-orayan*

*Luar-léor mapay leuwi*

*entong ka leuwi*

*Di leuwi loba nu mandi*

*Oray-orayan*

*Luar-léor mapay kebon*

*entong ka kebon*

*Di kebon loba nu ngangon*

*Mending gé teuleum*

*Di leuwi loba nu mandi*

*Saha anu mandi*

*anu mandina pandeuri*





Budak nu jadi hulu oray tuluy ngudag-ngudag budak nu jadi buntut orayna bari ngucapkeun “Kok, kok, kok...”. Lamun kacekel, budak nu jadi buntut oray pindah ka hareup, sarta jadi hulu oray. Kitu jeung kitu saterusna.

*Sumber: Wahyu Wibisana, 2000. Lima Abad Sastra Sunda*

## 1. Nyangkem Kaulinan Oray-orayan

Pikeun maham eusi téks, hidep kudu ngajawab ieu pertanyaan. Alusna mah diskusi jeung babaturan. Pék bagi jadi genep kelompok. Tiap-tiap kelompok ngajawab hiji pertanyaan ieu di handap.

### KELOMPOK I:

Naon sababna kaulinan oray-orayan kudu lobaan?

### KELOMPOK II:

Kumaha cara-carana ari kaulinan oray-orayan?

### KELOMPOK III:

Naon sababna dina kaulinan oray-orayan kudu aya nu jadi huluna jeung aya nu jadi buntutna?

### KELOMPOK IV:

Nyaritakeun naon eusi kakawihan oray-orayan téh?

### KELOMPOK V:

Naon sababna kaulinan oray-orayan kudu luar-léor?


### KELOMPOK VI:

Keur naon tujuanana budak nu jadi hulu oray-orayan ngudag-ngudag budak nu jadi buntutna?

## 2. Ngadiskusikeun Kecap

Dina kawih oray-oray di luhur aya kecap-kecap nu dipaké saperti *mapay*, *sedeng*, *leuwi*, *luar-léor*, jeung *pandeuri*. Pék sawalakeun jeung babaturan hidep pikeun néangan hartina. Gunakeun kamus basa Sunda. Geus kitu jieun kalimah anu béda maké éta kecap!



- 
1. Barudak keur arulin mapay galengan sawah.

mapay = \_\_\_\_\_

2. Paré di sawah téh keur sedeng beukah.

sedeng = \_\_\_\_\_

3. Lebah leuwi mah cai walungan téh jero.

leuwi = \_\_\_\_\_

4. Oray téh luar=leor dina luhureun taneuh.

luar-léor = \_\_\_\_\_

5. Déni datang ka sakolana pandeuri.

pandeuri = \_\_\_\_\_

## **F. Metakeun Kaulinan**

Ieu di handap aya deui téks kaulinan barudak. Pék baca heula dina jero hate, tuluy polahkeun.

### **Ambil-Ambilan**

Ilaharna kaulinan ambil-ambilan téh merlukeun réa batur. Kumaha prak-prakanana ieu kaulinan téh? Dua urang pahareup-hareup, tuluy leungeunna pacekel-cekel, bari rada dikaluhurkeun. Barudak nu séjénna ngantay bari silih cekel taktak. Budak nu aya di tukang nyekel taktak budak nu aya di hareupeunana. Geus kitu, barudak nu ngantay téa arasup ka kolong leungeun nu duaan, nu tadi leungeunna geus pacekel-cekel téa. Kituna téh bari kakawihan. Kieu kakawihanana téh.

*Ambil-ambilan turuktuk hayam samantu*

*Saha nu diambil*

*Kuring mah budak pahatu*

*Purah nutu purah ngéjo*

*Purah ngasakan baligo*

*Purah tunggu balé gedé*

*Nyerieun sukuna kacugak ku kaliagé  
Aya ubarna urat gunting sampuragé  
Tiguling nyocolan dagé*



Barudak anu arasup kana sela-sela leungeun nu duaan téh, tuluy aya nu dikurungan ku leungeun. Budak nu kakurung ku leungeun, tuluy ditanya:

“Rék milih mana, bulan atawa béntang?” Ceuk nu duaan.

Lamun némbal milih bulan, kudu terus nyalingker ka Beulah katuhu. Lamun milih béntang, kudu nyalingker ka belah kénca. Lamun nu ngaruntuy geus milih kabéh, boh kénca boh katuhu, gundukan barudak belah kénca jeung gundukan barudak beulah katuhu, tuluy pacekel-cekel jeung silih betot. Barudak nu kabetot disebut éléh sarta sok terus dibawa lumpat.

Ku lantaran barudak téh ngagunduk dumasar pilihan jawaban bulan atawa béntang, kaulinan ambil-ambilan téh disebut ogé kaulinan “Bulan Béntang”.

## Nataan Kecap

Mun geus kakawihan “Ambil-ambilan” geus dikawihkeun, pék ku hidep catet kecap-kecap anu teu ngartina atawa dianggap hésé. Téangan hartina. Bisi hésé mah, diskusi jeung batur sabangku atawa gunakeun kamus basa Sunda.

### G. Latihan

**Jawab sakur pertanyaan ieu di handap!**

- 1) Dina kaulinan “Cingciripit”, naon nu kacapit téh?
- 2) Naon anu nyapit tulang bajing téh?
- 3) Kumaha polah oray-orayan téh?
- 4) Ka mana inditna oray-orayan téh?
- 5) Naon sababna oray-orayan téh ulah ka sawah?
- 6) Di mana loba nu mandi téh?
- 7) Naon gawéna budak pahatu dina kaulinan ambil-ambilan téh?
- 8) Ku naon budak téh sukuna?
- 9) Naon ubar kacugak téh?
- 10) Naon anu dicocolan basa tiguling téh?

### H. Migawé Pancén Di Imah

Keur pancén di imah, ayeuna hidep néangan kaulinan barudak séjénna. Bisa néangan tina buku, majalah, internét, atawa nanyakeun ka kolot hidep. Alusna mah dituliskeun naon ngaran éta kaulinan téh? Kumaha prak-prakanana? Lamun sumberna buku atawa majalah, sebutkeun ngaran buku jeung majalahna, sarta kaca diucatatna. Lamun sumberna internét, sebutkeun ngaran sumberna jeung waktu sarta tanggal dicutatna.



Pangajaran

2

KAHIRUPAN



Sumber: [encikbaca.wordpress.com](http://encikbaca.wordpress.com)

Kahirupan téh lumangsung pikeun mahluk Pangéran. Dina kahirupan muncul rupa-rupa kajadian. Kajadian bisa digambarkeun ku basa. Ayeuna hidep bakal diajar kajadian dina kahirupan nu ngawujud winangun pupuh.


## A. Nembangkeun Pupuh

Ieu di handap aya pupuh Maskumambang. Geura pék baca heula dina jero haté, tuluy tembangkeun babarengan!

### MASKUMAMBANG

*Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,  
manéh kahutangan,  
ku kolot ti barang lahir,  
nepi ka ayeuna pisan.*

*Kudu hormat ka sepuh ka kulawargi,  
ulah lalawora,  
lobakeun silaturahmi,  
ka batur reujeung baraya.*





Pupuh di luhur téh ku hidep tembangkeun. Carana mah babari. Mimitina dicontoan heula ku Ibu/Bapa guru. Ibu/Bapa guru bisa waé muterkeun pupuh tina kasét. Ku hidep regepkeun heula, tuluy babarengan nembang. Geus kitu, nembangkeun pupuh sajajar-sajajar. Mun geus bisa, nembangkeun pupuh saurang-saurang ka hareup. Ku Ibu/Bapa guru baris dipeunteun.

## **B. Ngadiskusikeun Pupuh**

Pék ayeuna hidep ngariung jadi genep kelompok. Geus kitu, diskusi ngeunaan wangun jeung eusi pupuh. Hasilna engké laporkeun ku salasaurang di hareupeun kelas. Ari bahan anu kudu didiskusikeun téh kieu.

### **KELOMPOK 1**

- 1) Kudu kumaha barudak téh ti leuleutik?
- 2) Ti iraha jeung nepi ka iraha barudak kahutangan ku kolot?

### **KELOMPOK 2**

- 1) Kahutangan naon urang ku kolot téh?
- 2) Ari nu disebut kolot urang téh saha waé?

### **KELOMPOK 3**

- 1) Ari urang wajib hormat ka kolot atawa henteu?
- 2) Saha waé nu kudu dihormat ku urang téh salian ti kolot?

### **KELOMPOK 4**

- 1) Ku saha urang kahutangan téh?
- 2) Kudu ngalobakeun naon urang jeung baraya téh?

## C. Ngalarapkeun Kecap

Conto:

**budak** ➡ **barudak**

**Budak** kudu nurut ka kolot.

Hé **barudak** kudu mikir ti leuleutik.

**Pigawé cara conto!**

1. **kolot** ➡ .....  
Gedang téh geus kolot.  
Gedang téh buahna geus .....
2. **ngaji** ➡ .....  
Néni keur ngaji di kamerna.  
Barudak keur ..... di masjid.
3. **ngawih** ➡ .....  
Nunung ngawih hareupeun babaturanana.  
Barudak keur ..... babarengan.
4. **datang** ➡ .....  
Bakri kakara ..... ka sakola.  
Barudak kakara ..... ka sakola.
5. **haseum** ➡ .....  
Buah téh atah kénéh dan karasa .....  
Buah téh ..... kieu, nya?
6. **ngapungkeun** ➡ .....  
Féri ngapungkeun langlayangan di lapang voli.  
Barudak ..... langlayangan di lapang voli.

7. **neundeun** ➡ .....  
Rédi neundeun kantong luhureun bangku.  
Barudak.....kantong luhureun bangku.
8. **bala** ➡ .....  
Buruan téh bala ku runtah.  
Buruan téh.....ku runtah.
9. **ditembangkeun** ➡ .....  
Pupuh pucung ditembangkeun ku Déwi.  
Pupuh pucung téh.....ku barudak.
10. **bodas** ➡ .....  
Mobil téh cétna bodas.  
Ki Wanda buukna geus.....ku huis.

## **D. Nembangkeun jeung Ngadiskusikeun Pupuh**

Ayeuna hidep dibagi jadi genep kelompok. Unggal kelompok maca pupuh anu béda-béda, tuluy diskusikeun. Geus réngsé, tuluy hidep babarengan ngabandingkeun éta pupuh.

### **KELOMPOK I:**

Baca heula dina jero haté, tuluy tembangkeun babarengan!

### **Sobat Dalit**

*Urang kudu ngabogaan sobat dalit,  
keur silih tulungan  
silih titipkeun nya diri  
ngarah hirup henteu susah.*

*Sobat dalit bisa sarua jeung wargi,  
bisa duduluran,  
silih bantu silih aping,  
waktu susah reujeung senang.*

Diskusikeun!

1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh?
2. Kudu kumaha jalma téh?
3. Keur naon urang réa batur?
4. Diri urang kudu kumaha jeung batur?
5. Naha kudu silih titipkeun nya diri?

## **KELOMPOK II:**

Baca heula dina jero haté, tuluy tembangkeun babarengan!

### **Rajin**

*Ti leuleutik kudu diajar sing rajin,  
ngarah teu hanjakal,  
jeung batur kudu diskusi,  
silih tukeur pangalaman.*

*Urang pinter didadasaran ku rajin,  
biasa diajar,  
sing getol nyuprih pangarti,  
pibekeleun hirup jaga.*

Diskusikeun!

1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh?
2. Ti iraha urang kudu diajar rajin?
3. Ngarah naon urang diajar rajin?
4. Kudu kumaha diajar jeung batur?
5. Bisa méré naon batur ka urang?



### KELOMPOK III:

Baca heula dina jero haté, tuluy tembangkeun babarengan!


#### Ngaji

*Pasosoré barudak diajar ngaji,  
diajar ku ustad,  
ama jadi pangarti,  
bekel jaga di ahérat.*

*Bisa ngaji kaasup ahlak pinuji,  
pikeun umat Islam,  
minangka ahlak pribadi,  
dina hirup pakumbuhan.*

Diskusikeun!

1. Diajar naon barudak téh pasosoré?
2. Di mana barudak téh diajarna?
3. Saha nu ngajar barudak téh?
4. Keur naon barudak diajar téh?
5. Keur naon gunana diajar agama?




Sumber: [alizaka.blogspot.com](http://alizaka.blogspot.com)

### KELOMPOK IV:

Baca heula dina jero haté, tuluy tembangkeun babarengan!

#### Hirup Babarengan

*Urang hirup di dunya henteu mandiri,  
teu sosoranganan,  
perlu aya batur deui,  
pikeun hirup babarengan.*



*Dina ngalakonan hirup sing walagri,  
kudu sauyunan,  
ulah sok pahiri-hiri,  
komo jeung papaséaan.*

Diskusikeun!

1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh?
2. Kumaha urang hirup di dunya téh?
3. Perlu naon urang hidup di dunya?
4. Kudu kumaha dina ngalakonan hirup?
5. Urang jeung batur ulah ngalakonan naon?

#### **KELOMPOK V:**

Baca heula dina jero haté, tuluy tembangkeun babarengan!

### **Basa Sunda**

*Basa Sunda dipaké komunikasi,  
hirup babarengan,  
keur nepikeun informasi,  
keur gaul papada jalma.*

*Di antara pribadi reujeung pribadi,  
nepikeun pikiran,  
reujeung gerentesna ati,  
binarung ku perasaan.*

Diskusikeun!

1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh?
2. Dipaké keur naon basa Sunda téh?
3. Keur naon gunana komunikasi téh?
4. Naon ari eusi komunikasi téh?
5. Komunikasi téh dilakukeun antara saha jeung saha?

## KELOMPOK VI:

Baca heula dina jero haté, tuluy tembangkeun babarengan.

### Sastra Sunda

*Sastra Sunda téh kagolong karya seni,  
hasil rekacipta,  
ku basa nu ngandung harti,  
sangkan genah karasana.*

*Wangun sastra aya prosa jeung puisi,  
teu kaliwat drama,  
pupujian wangun sa'ir,  
novel jadi panambihna.*

Diskusikeuneun!

1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh?
2. Ari sastra Sunda kagolong kana naon?
3. Hasil tina naon ari sastra téh?
4. Maké naon ari nyusun karya sastra téh?
5. Aya naon waé wangun ugeran téh?

### E. Nyusun Pupuh

Hidep geus diajar tur ngadiskusikeun pupuh maskummambag. Ayeuna hidep bakal diajar nyusun éta wanda pupuh make ngaran bungbuahan. Sabagian pupuhna geus disayagikeun, hidep kari ngalengkepan.

*Bubuahan aya nu disebut kopi,  
buah jeung kalapa,  
nangka pisitan jeung manggis,*

.....

*Aya deui dukuh, pisitan, jeung léci,  
Aya manalika,*

.....  
*sawo, nangka, jeung rambutan.*

*Nu séjénna sawo, léngkeng, jeung strawbéri,  
salak jeung samangka,*

.....  
.....

## **F. Bacaeun di Imah**

Ieu di handap aya pupuh Kinanti. Pék baca di imah sewang-séwangan.

### **Gunung Bitu**

*Di urang mah loba gunung,  
gunungna loba nu aktip,  
urangna kudu waspada,  
henteu weléh ati-ati,  
bisi ngadadak musibah,  
gunung téh ngutahkeun api.*

*Urut gunung anu bitu,  
aya gawir nu lungkawing,  
ngagerewong jadi kawah,  
bisa katempo ti sisi,  
tur ngahasilkeun walirang,  
sok dipaké ubar kulit.*



Sumber: [id.wikipedia.org](https://id.wikipedia.org)



*Galunggung ngawurkeun lebu,  
dibarengan keusik panas,  
mudalkeun kubikan keusik,  
mancawura ka mamana,  
kana walungan ngamalir,  
ngamalirkeun lahar panas.*

### Caah


*Salian ti gunung bitu,  
kapanggih musibah deui,  
caah déngdéng di walungan,  
ngeueum lemah cai kuring,  
kampung warga di mamana,  
loba kaserang kasakit.*

### Tsunami

*Taun-taun nu kalangkung,  
di Acéh aya tsunami,  
di tungtung Pulo Sumatra,  
réa jalma keuna pati,  
kabawa cai sagara,  
kana haté matak ngeri.*



Sumber: [www.secretsofthefed.com](http://www.secretsofthefed.com)



Ku hidep geus dibaca tilu judul pupuh Kinanti, nyaéta gunung bitu, caah, jeung tsunami. Pupuh gunung bitu diwangun ku tilu pada, ari pupuh caah jeung tsunami masing-masing diwangun ku sapada. Ku lantaran judulna béda-béda, atuh eusina ogé teu sarua. Sangkan hidep paham kana eusi éta pupuh, pék jawab sakur pertanyaan di handap!

- 1) Kumaha guru lagu jeung guru wilangan pupuh kinanti?
- 2) Loba gunung nu kumaha di urang téh?
- 3) Sikep urang kudu kumaha ka nu kamusibahan?
- 4) Urut gunung bitu sok aya naon?
- 5) Sok dipaké ubar naon walirang téh?
- 6) Lebu tina gunung bitu téh dibarengan naon?
- 7) Ngaluarkeun naon gunung bitu téh?
- 8) Kumaha akibat caah déngdéng téh?
- 9) Kumaha kaayaan warga akibat kakeueum?
- 10) Kumaha akibat tina Tsunami téh?

Pangajaran

3

# AKSARA SUNDA

JL. BRAGA

ᮊᮥᮒᮒᮥ. ᮘᮘ



Hidep sapopoé sok nulis maké huruf Latén. Réa rupana huruf atawa aksara téh. Ari hidep kungsi nempo huruf atawa aksara naon waé? Kungsi henteu nempo aksara Jawa, Cina, Jepang, atawa aksara India? Urang Sunda ogé boga aksara sorangan. Disebutna aksara Sunda.

## A. Nengetan Aksara Sunda

Ieu di handap aya tulisan ku aksara Latén. Ari handapeunana aya tulisan ku aksara Sunda. Geura ku hidep pék ilo (baca dina jero haté), tuluy tengetan wangunna!

1.	Bapa ᮘᮞ	mawa ᮘᮞ	kalapa ᮘᮞᮘᮞ
2.	ema ᮘᮞ	ngala ᮘᮞ	cai ᮘᮞ
3.	Jaja ᮘᮞᮘᮞ	baraya ᮘᮞᮘᮞ	Nana ᮘᮞ
4.	Dudung ᮘᮞᮘᮞ	mulung ᮘᮞᮘᮞ	dukuh ᮘᮞᮘᮞ
5.	Dédé ᮘᮞᮘᮞ	méré ᮘᮞᮘᮞ	lélé ᮘᮞᮘᮞ

Nu bieu dibaca ku hidep téh aksara Latén jeung aksara Sunda. Tangtu keur hidep mah asing kénéh. Ngarah bisa, hidep kudu leukeun heula niténan wangun aksarana.






Ari hidep hayang bisa nulis  
askara Sunda?  
Ari macana hayang bisa deuih?  
Hadéna mah kudu bisa. Ari  
sababna aksara Sunda téh banda  
basa jeung budaya Sunda.

## B. Mikawanoh Aksara Sunda

### 1. Aksara Swara (Vokal)

Aya tujuh siki aksara swara atawa vokal téh. Cara nulisna ti kénca ka katuhu, tuluy ka handap, luyu jeung gurat beureum!



Pék ku hidep kandelan aksara swara ieu di handap!

- |       |   |    |         |   |    |
|-------|---|----|---------|---|----|
| 1. aa | = | ㄅㄅ | 5. oo   | = | ㄌㄌ |
| 2. ii | = | ㄌㄌ | 6. ee   | = | ㄅㄅ |
| 3. uu | = | ㄌㄌ | 7. eueu | = | ㄅㄅ |
| 4. éé | = | ㄅㄅ |         |   |    |

## Pék ku hidep salin kana aksara Sunda!

1. ai =
2. au =
3. aé =
4. ua =
5. oé =
6. oi =
7. oa =
8. ia =
9. ieu =
10. io =

## 2. Aksara Ngalagena

Aksara ngalagena téh mangrupa aksara konsonan anu ditungtungan ku sora /a/. Jadi, aksara konsonan /k/ dibarengan sora /a/, ucapanana jadi /ka/. Cara nulisna luyu jeung gurat beureum!

  
**ka**

  
**ga**

  
**nga**

  
**ca**

  
**ja**

  
**nya**

  
**ta**


  
**da**

  
**na**

  
**pa**

  
**ba**

  
**ma**



**Pék ku hidep kandelan aksara ngalagena ieu di handap!**

ka =	ga =	nga =
ca =	ja =	nya =
ta =	da =	na =
pa =	ba =	ma =
ya =	ra =	la =
wa =	sa =	ha =


**Pék ku hidep salin kana aksara Sunda!**

- kana =
- kaca =
- gada =
- ngala =
- jaya =
- pala =

7. jawa =
8. maha =
9. mawa =
10. nyata =
11. nyaba =
12. tanya =
13. tapa =
14. tara =
15. taya =
16. balaka =
17. calana =
18. barata =
19. jajaka =
20. jayana =

### 3. Angka

Angka dasar ti 0 nepi ka 9 mibanda ukuran nu sarua jeung aksara swara atawa aksara ngalagena. Nulis dihapit ku gurat nangtung. Cara nulisna luyu jeung gurat beureum!





Conto nulis aksara Sunda:

1. 10 = |LO|
2. 11 = |LL|
3. 12 = |LZ|
4. 23 = |ZZ|
5. 34 = |L7|
6. 56 = |UL|
7. 77 = |//|
8. 89 = |JT|
9. 91 = |LT|
10. 101 = |LOL|

Salin kana aksara Sunda!

1. 15 =
2. 23 =
3. 46 =
4. 57 =
5. 89 =
6. 140 =
7. 375 =
8. 095 =
9. 207 =
10. 999 =

#### 4. Rarangkén (Pananda Sora)

Rarangkén atawa pananda sora gunana pikeun ngarobah sora aksara ngalagena jadi sora séjén atawa miceun sora /a/. Aya rupa-rupa rarangkén atawa pananda sora. Geura ku hidep pék tengetan cara nulisna luyu jeung gurat beureum!



*panghulu (i)*



*pamepet (e)*



*peneuleung (eu)*



*panglayar (+r)*

### a. Panghulu

Panghulu gunana pikeun nambahan sora /i/ dina luhureun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄗ jadi ki = ㄗ

### b. Pamepet

Pamepet gunana pikeun nambahan sora /e/ dina luhureun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄗ jadi ke = ㄗ

### c. Paneuleung

Paneuleung gunana pikeun nambahan sora /eu/ dina luhureun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄗ jadi keu = ㄗ

### d. Panglayar

Panglayar gunana pikeun nambahan sora konsonan /r/ dina luhureun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄗ jadi kar = ㄗ



*panyecék (+ng)*



*panyuku (u)*



*panyakra (+ra)*



*panyiku (+la)*

e. **Panyecek**

Panyecek gunana pikeun nambahan sora /ng/ dina luhureun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄐ ㄐ jadi kang = ㄐ ㄓ

f. **Panyuku**

Panyuku gunana pikeun nambahan sora /u/ dina handapeun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄐ ㄐ jadi ku = ㄐ ㄓ

g. **Panyakra**

Panyakra gunana pikeun nambahan sora /-r/ dina handapeun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄐ ㄐ jadi kra = ㄐ ㄓ

h. **Panyiku**

Panyiku gunana pikeun nambahan sora /l/ dina handapeun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄐ ㄐ jadi kla = ㄐ ㄓ



panéléng (é)



panolong (o)



pangwisad (+h)



pamingkal (+ya)

i. **Panéléng**

Panéléng gunana pikeun nambahan sora /é/ dina hareupeun aksara ngalagena. Contona:

ka = ㄐ ㄐ jadi ké = ㄐ ㄓ

j. **Panolong**

Panolong gunana pikeun nambahan sora /o/ dina tukangeun aksara ngalagena. Contona:

ka = **ᮊ** jadi ko = **ᮊᮞ**

k. **Pangwisad**

Pangwisad gunana pikeun nambahan sora /h/ dina tungtung aksara ngalagena. Contona:

ka = **ᮊ** jadi kah = **ᮊᮧ**

l. **Pamingkal**

Pamingkal gunana pikeun nambahan sora /y/ dina handapeun aksara ngalagena. Contona:

ka = **ᮊ** jadi kya = **ᮊᮥ**

j. **Pamaéh**



**pamaéh (Ø)**

Pamaéh (Ø) gunana pikeun ngaleungitkeun sora /a/ dina aksara ngalagena. Contona:

ka = **ᮊ** jadi k = **ᮊᮦ**

**C. Medar Aksara nu Mirip**

Dina aksara Sunda téh aya wangun aksara dasar aya wangun aksara rundayan. Wangun aksara dasar jeung rundayan ilaharna aya nu mirip dina gurat-guratna.



## Aksara dasar

a

ᮘ

na

ᮊ

l

ᮓ

pa

ᮝ

ka

ᮏ

ta

ᮒ

l

ᮓ

la

ᮝ

ca

ᮞ

wa

ᮗ

ba

ᮘ

## Aksara rundayan

é

ᮙ

eu

ᮚ

ga

ᮛ

nga

ᮜ

u

ᮝ

o

ᮞ

ja

ᮟ

za

ᮠ

2

ᮡ

3

ᮢ

da

ᮣ

6

ᮤ

9

ᮥ

fa

ᮦ

va

ᮧ

sa

ᮨ

xa

ᮩ

ra

᮪

4

᮫

ya

ᮬ

ha

ᮭ

ma

ᮭ

da

ᮣ

7

ᮦ

8

ᮧ

1

ᮗ

nya

ᮘ

## D. Nulis Aksara Sunda

Pék ku hidep salin kana aksara Sunda!

- |             |              |
|-------------|--------------|
| 1. baku =   | 9. baki =    |
| 2. bako =   | 10. baeud =  |
| 3. caket =  | 11. dayeuh = |
| 4. datang = | 12. kucir =  |
| 5. koét =   | 13. peda =   |
| 6. kékéd =  | 14. kuku =   |
| 7. kubra =  | 15. madya =  |
| 8. capluk = |              |

## E. Maca Aksara Sunda

Conto:

ᮊ ᮘᮔ᮪ = diajar

Ieu di handap aya kecap-kecap nu ditulis ku aksara Sunda. Pék ku hidep baca, tuluy robah kana aksara Latén. Pigawé kawas conto!

|ᮊ| ᮊᮊ ᮊᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊᮊ ᮊᮊ ᮊᮊᮊ

|ᮊ| ᮊᮊᮊ ᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ

Pangajaran

4

# HIRUP SAUYUNAN



Sumber: [www.antarafoto.com](http://www.antarafoto.com)



Dina hirup kumbuh téh urang kudu guyub jeung batur. Urang teu bisa hirup tanpa batur. Urang kudu akur jeung batur. Hirup rukun sauyunan. Papada urang kudu silih tulungan. Ayeuna hidep bakal diajar paguneman. Eusina nyaritakeun hirup sauyunan.

## **A. Maca Bedas**

Ieu di handap aya paguneman.. Geura pék baca heula dina jero haté, tuluy baca bedaskeun ku genepan! Pék giliran genepan-genepan!

### **Nganjang**

Pa Gumilar jenenganana téh. Anjeunna guru SD di Garut. Istrina, jenenganana Bu Eulis. Pa Gumilar sareng Bu Eulis kalebet kulawarga basajan. Putrana aya dua, hiji pameget hiji deui istri. Putra nu pameget wastana Risal, ari putra nu istri wastana Néndén. Risal tos sakola di SMP Kelas 7. Rain amah, Néndén sakolana di SD kelas 4. Kulawarga Pa Gumilar hirup rukun sauyunan, boh jeung tatangga boh jeung baraya.

Hiji waktos Pa Gumilar kasumpingan rakana ti Bandung. Jenenganana Wa Jéjén.

Wa Jéjén : Assalamualaikum!

Risal : Waalaikumsalam! Aéh geuning Wa Jéjén. Mangga Wa, lebet!

Wa Jéjén : Mangga, nuhun. Risal ieu téh? Tos ageung, tos bujang ayeuna mah.

Risal : Muhun, wa.

Wa Jéjén : Tos kelas sabaraha sakola téh?

Risal : Kelas 7, Wa.

Wa Jéjén : Bapa sareng Mamah araya?

Risal : Aya, Wa, nuju di lalebet.

Wa Jéjén : Nuhun atuh ari araya mah.

Risal : Mah, Pa, aya Wa Jéjén.



Pa Gumilar : Aéh, Kang Jéjén, haturan. Mangga linggih.  
 Wa Jéjén : Nuhun, yi. Sono Akang téh, tos lami teu tepang.  
 Pa Gumilar : Muhun. Rupina mah sami-sami paciweuh ku padamelan.  
 Néndén : Wa, damang?  
 Wa Jéjén : Pangésto. Néndén, nya? Tos kelas sabaraha sakola?  
 Néndén : Kelas 4, Wa.



Bu Eulis : Muhun, Kang. Tos lami teu tepang. Kumaha Tétéh damang?  
 Wa Nénéng : Pangésto, Yi. Kumaha sawangsulna?  
 Bu Eulis : Saé, Téh. Mangga calikna palih dieu. Sakantenan urang taruang heula.  
 Wa Jéjén : Ah, nembé gé dongkap, tos dipiwarang neda. Ieu yeuh sonona Akang ka kulawargi Yi Gugum téh géksor.  
 Bu Eulis : Kaleresan geura, abdi tos mais lauk emas disurawungan.  
 Wa Nénéng : Atuh, kasedep Uwa pameget éta mah. Muhun atuh, kaleresan tos lapar.

Kulawarga Pa Gumilar sareng kulawarga Wa Jéjén taruang balakecrakan. Bangun nu ponyo naker katingalina téh. Ma'lum tos lumampah nu kaétang tebih ti Bandung ka Garut, katambah-tambah macét deuih.



## **B. Nyangkem Eusi Paguneman**

Pikeun maham eusi téks paguneman, hidep kudu ngajawab ieu pertanyaan. Alusna mah diskusi jeung babaturan. Pék bagi jadi 6 kelompok. Tiap-tiap kelompok ngajawab hiji pertanyaan ieu di handap.

### **KELOMPOK 1:**

Saha waé nu ngayakeun paguneman téh? Kumaha kira-kira watek nu paguneman?

### **KELOMPOK 2:**

Pernah kumaha Risal ka Wa Jéjén? Antara Pa Gumilar sareng Wa Jéjén? Ari antara Risal jeung Néndén kumaha pernahna?

### **KELOMPOK 3:**

Kumaha kaayaan atawa suasana dina paguneman di luhur? Tina naon kapanggihna gambaran hirup sauyunan?

### **KELOMPOK 4:**

Naon nu diobrolkeun dina paguneman di luhur? Kudu kumaha urang hirup ceuk éta paguneman téh?

### **KELOMPOK 5:**

Ari éta dua kulawarga téh mindeng panggih atawa henteu? Naon nu nuduhkeunana?

### **KELOMPOK 6:**

Sareng naon taruangna éta dua kulawarga téh? Kasedep saha tuangeun téh?

### C. Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah

Conto:

**disurawungan** ➡ **nyurawungan**

Pais lauk emas disurawungan ku Bu Euis.

Bu Euis nyurawungan pais lauk emas.

**Pigawé cara conto:**

1. dibungkusan ➡ .....  
Buku keur dibungkusan ku Ujang.  
Ujang keur .....
2. diguratan ➡ .....  
Keretas keur diguratan ku Dédi.  
Dédi keur .....
3. diwarnaan ➡ .....  
Gambar keur diwarnaan ku Nési.  
Nési keur .....
4. diajaran ➡ .....  
Sepédah keur diajaran ku Féri.  
Féri keur .....
5. dipilihan ➡ .....  
Tiung keur dipilihan ku Bu Euis.  
Bu Euis keur .....
6. dibacaan ➡ .....  
Majalah keur dibacaan ku barudak.  
Barudak keur .....

7. diseuseuhan ➡ .....  
Baju keur diseuseuhan ku Bibi.  
Bibi keur.. ..
8. dijawab ➡ .....  
Soal-soal dina buku keur dijawab ku barudak.  
Barudak keur.....
9. diayuman ➡ .....  
Kecrik keur diayuman ku Mang Uhén.  
Mang Uhén keur.....
10. dicéboran ➡ .....  
Kekembangan dina pot keur dicéboran ku bapa.  
Bapa keur.....

## D. Molahkeun Paguneman

Ieu di handap aya paguneman séjén. Ayeuna hidep ngelompok genepan-genepan. Tuluy polahkeun ieu paguneman téh!

### Pohoan

Wayah kieu Wandu masih kénéh ulin di buruan jeung babaturanana. Padahal geus burit.

Béni : Din, urang ucing sumput, yu?

Udin : Hayu, lah. *Siapa takut*.

Wandu : Enya, yu. Wandu milu ngajawab.

Néng Uni : “Enya jung kaituh, Udin! Gawé téh ngan ngaheureuyan baé”

Udin : “Tenang ajah *haniiyy*...nanti lanjut lagi yah...”

Néng Uni : “Hih!!! Udin mah cunihin.”



- Béni : “Hahahaha...Si Éta mah angger ari geus ngaheureuyan Néng Uni téh.”
- Udin : “Sooookkk...atuh!!!”
- Béni : “Sok!”
- Wandi : “Cing...ciripit tulang bajing kacapiiit”
- Udin : “Duaan eung nu kacapitna, balikan deui.”
- Béni : “Cing...ciripit tulang bajing ka capiiit.....hahaha Si Udin uciinnng...eung.”



Barudak kontan baruriak lalumpatan, nyarumput pabuni-buni.

Atuh Udin ngitung bari meureumkeun panonna. Sanggeus bérés ngitungna, Udin néangan barudak anu nyarumput téa.

Nu geus kapanggih téh karék saurang nyaéta Béni. Ari Wandu jeung nu séjénna mah encan.

- Béni : Enggeusan wé ahhh...
- Udin : Naha? Pan can kapanggih kabéh?
- Béni : Lah...geus biasa Wawan jeung Abdul mah.
- Udin : Biasa kumaha, kitu?
- Béni : Pan kamari gé, ditétéangan ka mamana, ari pék téh Wawan jeung Abdul mah keur anteng wé nyoo anak ucing. Ditanya téh kalah sareuri.

Uu : Beu! Horéng kitu Nunu jeung Abdul téh?"

Béni : Matak, yu ah...urang balik wé, can mandi deuih, sieun dicarékan deui ku Si Bapa.

Saréréa bubar.

Nepi ka imahna, Udin tepung jeung bapana.



Udin : Keur naon, Pa?

Bapa : Keur ngoméan stop kontak, ruksak. Geus kudu meuli deui jigana mah....

Indung : Suujaang....geura ibak.

Udin : Muhun, Mah. Geuning kamar téh poék, Mah?

Indung : Hurungkeun wé atuh, naon héséna!!!

Barang cét, kerenyed!!! Awak Udin kontan nagegeter.

Udin : Bapp...aaahhh...Si Bapa mah....

Udin tibang calawak. Teu bisa ngagorowok. Tungtungna ngedeprek leuleus. Udin pohoeun yén stop kontakna keur dioméan ku bapana.

Aaahh....dasar pohoan...

## E. Migawé Latihan

Pék jawab pertanyaan ieu di handap!

1. Saha nu datang ka imah Risal téh?
2. Ari indung bapana Risal saha ngaranna?
3. Ari Wa Jéjén jeung Risal téh kumaha pancakakina?
4. Naon hartina paribasa “rempug jukung sauyunan”?
5. Noan paribasa mun urang ngahargaan ka sémah?
6. Tuluykeun paribasa “ulah pagiri-giri calik, ....”?
7. Naon nu dilaksanakeun ku barudak dina paguneman “pohoan”?
8. Saha nu jadi ucing dina paguneman “pohoan”?
9. Keur ngoméan naon bapana Udin téh?
10. Pohoeun ku naon ari Udin téh?

## F. Ngalengkepan Paguneman

Ieu di handap aya paguneman nu copong kénéh. Pék ku hidep lengkepan! Sing merenah ngalengkepanana.

Udin : Bén, ameng ka bumi Uu, yu!

Béni : ....., badé améng naon kitu?

Udin : Uu, gaduh kaulinan ular tangga.

Béni : Ah, ulah kaulinan.....

Udin : Kaulinan ....., atuh?

Béni : Kumaha mun urang maén panggah.

Udin : Mana kitu ..... nu Béni?

Béni : Ke, urang candak heula ka.....

Udin : Enya, sok .....di dieu.

Béni : Antosan, nya, sakedap.

Udin : Teu kenging....., nya?

Béni : Moal, atuh, ké rék lumpat.

Udin : Aya ..... téh, Bén?

Béni : ....., ieu yeuh.

Udin : Hayu, atuh urang ka bumi Uu ayeuna.

Béni : .....”.

- a. naon
- b. rorompok
- c. aya
- d. bumi
- e. hayu
- f. enya
- g. henteu
- h. ular tangga
- i. diantosan
- j. panggah



## **G. Migawé Pancén di Imah**

Keur pancén di imah, ayeuna hidep néangan paguneman séjénna. Bisa néangan tina buku, majalah, atawa internét. Lamun sumberna buku atawa majalah, sebutkeun ngaran buku jeung majalahna. Lamun tina internét, sebutkeun poé, tanggal, bulan, jeung taun dicutatna. Bisa ogé nyieun sorangan atawa babarengan jeung babaturan.



Pangajaran

5

# KASÉHATAN



Sumber: [www.merdeka.com](http://www.merdeka.com)

Tatar Sunda téh kaasup wilayah anu subur, tatangkalan héjo ngémploh. Tatangkal dipaké ku manusa keur kapentingan hirupna. Jaba ti diala tangkalna jeung buahna, tutuwuhan téh sok diala daunna. Dangdaunan réa ngandung piubareun. Ubar-ubaran anu dijieunna tina dangdaunan sok disebut ubar kampung (hérbal). Dangdaunan bisa nyéhatkeun awak.

## A. Maca Jero Hate

Ieu di handap aya pedaran. Eusina ngadadarkeun perkara ubar-ubaran kampung. Geura pék baca dina jero haté, tuluy tengetan eusina!

### Ubar Ajaib di Sabudeureun Urang

Cing, di antara hidep saha nu deukeut imahna aya tutuwuhan? Ari di buruan imah hidep dipelakan tutuwuhan henteu? Tangtu aya nu boga pepelakan di imahna aya ogé nu henteu. Tétéla geuning tutuwuhan téh réa gunana keur kahirupan urang. Aya nu bisa didahar aya nu bisa dijadikeun ubar. Éta téh pikaanéheun atawa teu disangka-sangka. Ubar atawa obat nu teu disangka-sangka, deukeut di sabudeureun urang, disebutna téh ubar ajaib.



Sumber: [www.jakarta.go.id](http://www.jakarta.go.id)



Di sabudeureun urang réa piubareun saperti apel, kentang, bawang bodas, bawang beureum, jeung wortel. Najan éta bisa kapanggih di mana waé, ari kana hasiatna mah langka nu apal. Lamun apal mah, urang bisa ngamangpaatkeun bungbuahan keur ubar. Teu kudu meuli waé ubar toko.

Naon waé kasiat apel, kentang, bawang bodas, bawang beureum, jeung wortel téh? Aya nu apal henteu? Mun can apal, ayeuna urang niténan sawatara gunana.



*Sumber: klik-madu.com dan esdurian-gantianlamo.com*

Apel téh buah nu ngandung mineral, vitamin, asam amino, jeung gula alami. Lamun ngadahar apel peuting-peuting, matak gancang tunduh. Apel mantuan meresihan saluran dahareun jeung meresihkeun ginjal. Apel ogé hadé pisan mun dijus. Pikeun ngubaran kasakit, dianjurkeun nginum jus apel satengah létér dina sapoéna. Ayeuna mah aya cuka apel. Ari hasiatna pikeun daya tahan urang. Alus lamun dikonsumsi. Carana ku jalan nyampurkeun cuka apel kana cai sagelas. Tuluy diinum sakali atawa dua kali sapoé. Apel téh bisa ngimbangan lobana koléstérol dina getih urang.



*Sumber: www.klenextravels.com*

Béda deui jeung kentang, gizina téh aya dina handapeun cangkangna. Ari mesék kentang mah ulah kandel teuing, ipis baé, ngarah gizina henteu kapiceun. Lamun diparengkeun rieut, kari ngeureut kentang atah, tapelkeun kana tarang. Jaba ti éta, kentang bisa mantuan ngaleungitkeun karedut handapeun panon jeung bareuh panon.



*Sumber: faktaunich.blogspot.com*

Ari bawang bodas, hasiatna téh bisa ngalancarkeun saluran getih jeung antibiotik anu hadé. Bawang bodas bisa dipaké ngubaran panas, batuk, bronhitis, jeung kasakit tikoro. Pikeun ngubaran reumatik, bawang bodas dua sihung, dicampur jeung madu murni saséndok, diinum mayeng 3 nepi ka 4 poé. Lamun dicampurkeun jeung mantéga, bawang bodas bisa mantuan nyageurkeun kasakit gangguan ginjal jeung kandung kemih. Tapi mun dicampurkeunana kana susu, bawang bodas bisa ngurangan kasakit darah tinggi jeung rieut. Jaba ti éta, bawang bodas ogé bisa mantuan nyageurkeun inféksi usus jeung kasakit léver.



*Sumber: www.bolaria.net*

Béda jeung bawang bodas, ari bawang beureum mah bisa maéhan kuman, luar atawa jero awak urang. Bawang beureum, hasiatna ngalancarkeun saluran pencernaan jeung pamiceunan hamperu sarta nurunkeun tekanan getih. Mun aya nu muriang jeung salésma, bawang beureum bisa dipaké ‘pertolongan pertama’.

Nu kalima wortel, gunana pikeun nambahan jumlah ‘butir darah mérah’. Kacida hadéna pikeun nyageurkeun kasakit konéng (liver). Lamun disop, wortel bisa nyageurkeun kasakit padaharan jeung kabebeng. Wortel ogé bisa dipake pikeun nyageurkeun kasakit mata. Nginum jus wortel satengah gelas, bisa ngajaga awak urang tina



muriang, salésma, jeung bronhitis. Tapi kudu ati-ati, tong loba teuing nginumna, lantaran aya ogé balukarna, matak karacunan. Kétang nanaon gé ari loba teuing mah aya matakna.

*Diropéa tina Majalah Manglé, No.1996*

## **B. Ngadiskusikeun Ubar-Ubaran**

Sangkan hidep paham kana eusi bacaan, ayeuna hidep dibagi jadi lima kelompok. Tiap kelompok ngajawab pertanyaan nu geus disadiakeun.

### **KELOMPOK 1:**

- 1) Catet aya zat naon dina buah apel?
- 2) Bisa dipaké ubar naon waé buah apel téh?
- 3) Sangkan jadi ubar, kudu dikumahakeun apel téh?

### **KELOMPOK 2:**

- 1) Bagéan naonna kentang téh loba ngandung gizina?
- 2) Naon sababna mun mesék kentang ulah kandel teuing?
- 3) Bisa dipaké ubar naon waé beuti kentang téh?

### **KELOMPOK 3:**

- 1) Naon gunana bawang bodas téh pikeun kaséhatan?
- 2) Ti baheula mula bawang bodas téh sok dipaké ubar. Ubar naon waé nu bisa dicageurkeun ku bawang bodas?
- 3) Bawang bodas nu dicampur susu hasiatna pikeun ngubaran naon?

### **KELOMPOK 4:**

- 1) Lebah mana bédana bawang bodas jeung bawang beureum téh?
- 2) Bisa dipaké keur ngubaran naon waé bawang beureum téh?
- 3) Keur pertolongan pertama, bawang beureum téh bisa dipaké keur ngubaran naon?

### KELOMPOK 5:

- 1) Ari wortel téh bisa dipaké pikeun ningkatkeun naon?
- 2) Mun loba teuing nginum cai wortel bakal kumaha?
- 3) Kasakit naon waé nu bisa diubaran ku wortel?

Lamun geus réngsé sawalana, pék wawakil kelompok nepikeun hasil diskusi di hareupeun kelas. Giliran ti kelompok 1 heula, tuluy ka kelompok 2, jeung saterusna.

### C. Medar Istilah Ubar-Ubaran

Dina bacaan di luhur aya rupa-rupa beubeutian jeung bubuahan nu bisa dijadikeun ubar. Réa pisan ubar-ubaran tradisional di Tatar Sunda téh. Geura pék tengetan.

#### 1) **pucuk daun jambu batu**

Pucuk jambu batu digodog, diuyahan saeutik, tur diinum, bisa dipaké ubar méncrét.

#### 2) **paria**

Paria diparud, diarah caina, tur diinum, bisa dipaké ubar kasakit gula (kencing manis).

#### 3) **cangkudu**

Buah cangkudu diparud, diarah caina, tur diinum, bisa dipaké ubar darah tinggi.

#### 4) **daun seureuh**

Daun seureuh digodog, diarah caina, tur diinum, bisa dipaké ubar batuk.

#### 5) **daun sirsak**

Daun sirsak atawa nangka walanda digodog, diarah caina, tur diinum, bisa dipaké ubar kanker, nyanyeri awak, asam urat.

#### 6) **daun antanan**

Daun antanan digodog, diarah caina, tur diinum, atawa langsung dijieun lalab, bisa dipaké ubar ngalancarkeun saluran getih.

**7) binahong**

Daun binahong digodog, diarah caina, tur diinum, bisa dipaké ubar darah tinggi, mengi, kasakit gula, rematik, jeung asam urat.

**8) daun jawér kotok**

Daun jawér kotok diléob, dipokokeun kana raheut atawa borok.

**9) daun kumis ucing**

Kumis ucing digodog, diarah caina, tur diinum, bisa dipake ubar nyeri cangkéng jeung ginjal.

**10) Daun sembung**

Daun sembung digodog, diarah caina, tur diinum, bisa dipaké ubar darah tinggi, matak ponyo barang dahar, jeung ngalancarkeun kareseban.

**Pancén:**

Ayeuna téangan deui dangdaunan atawa bungbuahan séjénna anu bisa dipaké ubar. Bisa néangan tina buku, majalah, Koran, internet, atawa nanyakeun ka kolot hidep.

**D. Ngalarapkeun Kecap**

Dina bacaan di luhur aya kecap-kecap nu patali jeung tutuwuhan. Aya nu disebut beubeutian aya bubuahan.

Conto beubeutian:

- 1) kentang
- 2) hui
- 3) wortel
- 4) sampeu
- 5) bangkuang

*Jieun kalimah maké ngaran beubeutian di luhur!*

Conto bungbuahan:

- 1) rambutan
- 2) buah
- 3) léngkék
- 4) nangka
- 5) kalapa

*Jieun kalimah maké ngaran bungbuahan di luhur!*

Titénan conto ieu di handap!

**ngagedod**

Bajuna héjo ngagedod.

Pasangkeun kana kecap sipatna!

1. Langlayangan téh mani luhur .....
2. Warna bajuna mani beureum .....
3. Lutung téh buluna mani hideung .....
4. Cai walungan téh mani hérang .....
5. Opak sampeu téh mani ipis .....
6. Ulén téh kurang asak sabab kandel .....
7. Bulan teu kaluar, peuting téh mani poék .....
8. Lampu téh mani caang ..... matak sérab.
9. Cét témbok imah téh mani bodas.....
10. Buntut maung téh mani panjang .....

- A. nyempring
- B. ngagenclang
- C. ngagebay
- D. mongklék
- E. nyacas
- F. meles
- G. kedeplik
- H. ngawang-  
ngawang
- I. euceuy
- J. ngempray



## **E. Ngajembaran Kaweruh**

### **Bacaeun 1**

Pék baca dina jero haté!

### **Hasiat Alpuket**

Hidep tangtu apal kana buah alpuket. Wangunna lonyod tur warnana héjo. Biasana sok dirujak, dicampuran ku gula beureum.

Buah alpuket téh diarah dagingna. Sok diasupkeun kana blénder, dijieun jus. Dicampuran cai gula jeung susu coklat kentel. Ari geus kitu mah, jus alpuket kari regot diinum.

Loba nu resep kana jus alpuket téh. Jaba ti ngeunah, hargana ogé murah. Buah alpuket matak séhat kana kulit jeung padaharan. Malah sok dipaké lulur awak atawa body lotion. Cenah mah kulit sok jadi lemes. Alpuket ogé bisa dipake kuramas atawa krimbat. Malah bisa nyageurkeun rambut garing nu loba teuing dicét.

Buah alpuket ogé bisa naékkeun beurat awak, ngubaran anu kacanduan roko. Ku ngadahar buah alpuket, nikotin roko anu geus ngumpul dina jero awak bakal bisa dikaluarkeun.



Sumber: [www.aviva.co.id](http://www.aviva.co.id)

Alpuket bubuah taya usumna. Iraha baé, alpuket babari ditéangan boh di pasar tradisional boh di pasar modéren. Lantaran ngandung lemak nabati, alpuket aman didahar ku nu boga “koléstérol tinggi”.

Alpuket téh asalna ti Amérika Tengah, utamana di daérah Méksiko, Péru jeung Vénézuéla. Alpuket nyebar ka sakuliah dunya nepi ka Asia Tenggara, kaasup Indonésia.



Sumber: [tanamanobatku.wordpress.com](http://tanamanobatku.wordpress.com)

Alpuket ngandung vitamin A, B, C, jeung É. Alus keur ngalancarkeun jalan getih dina awak urang. Malah bisa nurunkeun résiko struk (stroke) jeung serangan jantung.

*Diropéa tina Majalah Manglé, No. 2197*

### **Jawab sakur pertanyaan ieu di handap!**

Pikeun nyangkem eusi bacaan, pék jawab sakur pertanyaan ieu di handap.

- 1) Kumaha carana ngamangpaatkeun buah alpuket téh?
- 2) Bisa dipaké ubar naon buah alpuket téh?
- 3) Vitamin naon anu aya dina buah alpuket?
- 4) Lamun kuramas maké buah alpuket, kumaha carana?
- 5) Ti mana cenah asal-muasalna buah alpuket téh?

### **Bacaeun 2**

Pék baca dina jero haté!

## **Buah Cangkudu**

Baheula mah buah cangkudu sok disebut ‘Si Noni’. Cangkudu téh hasiatna bisa nganormalkeun tekanan darah tinggi, nyageurkeun kasakit gula atawa amis daging, nyegah sumarambahna sél kanker,



Sumber: [www.pikiran-rakyat.com](http://www.pikiran-rakyat.com)

jeung ngalancarkeun pencernaan. Cangkudu ogé bisa ningkatkeun kondisi awak jadi leuwih séhat. Malah bisa nyegah serangan rupa-rupa panyakit, utamana darah tinggi.

Ubar tina saripati buah cangkudu geus réa dijualan di toko. Biasana disimpen dina kulkas nepi ka 40 derajat C. Sina jadi garing (diupkeun caina), tuluy hasilna diprosés nepi ka jadi tipung.

Buah cangkudu alus dikonsumsi ku ibu-ibu jeung barudak. Malahan keur nu gering parna ogé alus pisan. Hidep bisa nyobaan nyieun jus buah cangkudu. Kana awak urang matak séhat, sok komo upama dikonsumsi maneuh (rutin) mah, ulah bosenan.

*Diropéa tina Majalah Manglé, No.2134*

Pék jawab sakur pertanyaan ieu di handap!

- 1) Buah cangkudu téh disebut ogé buah naon?
- 2) Naon hasiatna buah cangkudu téh?
- 3) Zat naon waé nu aya dina buah cangkudu?
- 4) Kumaha babandingan kadar sari buah cangkudu jeung jus cangkudu?
- 5) Naon alesanana pangna buah cangkudu alus dikonsumsi boh ku kolot boh ku budak?



## **F. Migawé Pancén di Imah**

Keur pancén di imah, ayeuna hidep néangan hasiat bubuahan atawa beubeutian séjénna pikeun ubar. Bisa néangan tina buku, majalah, internét, atawa nanyakeun ka kolot hidep. Lamun sumberna buku, atawa majalah, sebutkeun ngaran buku jeung majalahna. Lamun tina internét, sebutkeun waktu jeung tanggal diunduhna.



Pangajaran

6

# CINTA LEMAH CAI



Sumber: [www.bdguptodate.com](http://www.bdguptodate.com)

Indonésia téh lemah cai urang, tempat lahir jeung cicing. Urang wajib buméla ka lemah cai. Buméla jeung cinta ka lemah cai kaasup sabagian tina iman. Ayeuna ogé hidep bakal diajar cinta ka lemah cai dina wangun sajak Sunda.

## **A. Maca Bedas Sajak**

Ieu di handap aya sajak. Geura pék baca heula dina jero haté, tuluy baca bedaskeun!

### **Alam Padésaan** **(Astri Martiani Irawan)**

*Éndah alam padésaan  
Éstu lain pupulasan  
Diriung ku gunung-gunung  
Dikuriling pasir-pasir  
Kidul, kulon, kalér, wétan  
Plung-plong, matak waas téténjoan*

*Éndah alam padésaan  
Upluk-aplak pasawahan  
Leuweung héjo ku tatangkalan  
Arula-arileu wahangan  
Ngocorkeun cai canémbrang hérang*

*Éndah alam padésaan  
Taneuhna subur tatanén ma'mur  
Rohmat ti Gusti nu Maha Gofur  
Sangkan mahluk-Na daék tafakur*



Sumber: [www.azamku.com](http://www.azamku.com)



*Éndah alam padésaan  
Wajib diraksa jeung diriksa  
Ulah diruksak digunasika  
Keur sampeureun anak incu jaga\*\*\*\*\**

*Dicutat tina Majalah Manglé, No. 2414.*

## **B. Ngadiskusikeun Eusi Sajak**

Sanggeus dibaca dina jero haté tur dititénan, pék ayeuna jawab pertanyaan ieu di handap. Hidep dibagi jadi genep kelompok. Unggal kelompok ngajawab pertanyaan sewéng-séwangan.

### **KELOMPOK 1:**

1. Ceuk pada kahiji, kumaha kaayaan alam padésan téh?
2. Matak kumaha kana haté urang alam padésan téh?

### **KELOMPOK 2:**

1. Ceuk pada kadua, kumaha kaayaan alam padésan téh?
2. Kumaha kaayaan wahangan di padésan téh?

### **KELOMPOK 3:**

1. Ceuk pada katilu, kumaha kaayaan taneuh di alam padésan téh?
2. Ti mana urang meunang alam nu éndah téh?

### **KELOMPOK 4:**

1. Ceuk pada kaopat, kudu kumaha sikep urang ka alam padésan?
2. Naha bet kudu kitu, naon tujuanana?

### **KELOMPOK 5:**

1. Ari alam padésan téh diriung jeung dikuriling ku naon?
2. Kumaha kaayaan pasawahan jeung leuweung di padésan?

## KELOMPOK 6:

1. Ceuk éta sajak, kumaha kaayaan cai jeung taneuh di padésan téh?
2. Ceuk titingalian hidep, kumaha kaayaan alam padésan ayeuna?

### C. Neangan Harti jeung Ngalarapkeun Kecap

Dina sajak di luhur kapanggih rupa-rupa kecap anu dipaké. Aya kecap-kecap saperti jaga waas, subur, jeung ma'mur disebutna téh kecap asal atawa kecap salancar nyaéta kecap-kecap anu can dikukumaha, asli kénéh.

Jaba ti éta, aya kecap-kecap saperti diriung, dikuriling, diriksa, digunasika, jeung ngocor.

Pék ayeuna ku hidep téangan hartina.

- 1) Tukang dagang di buruan sakola téh diriung ku barudak.

diriung = \_\_\_\_\_

- 2) Sakolah Déwi mah dikuriling ku pager témbok.

dikuriling = \_\_\_\_\_

- 3) Mun urang boga barang, kudu diriksa ngarah awét.

diriksa = \_\_\_\_\_

- 4) Leuweung téh ulah digunasika bisi ruksak.

digunasika = \_\_\_\_\_

- 5) Pepelakan ulah diruksak bisi paraéh.

diruksak = \_\_\_\_\_

- 6) Taman di kota téh éndah katempona.

éndah = \_\_\_\_\_

- 7) Cai walungan di pagunungan mah masih kénéh hérang.

hérang = \_\_\_\_\_

- 8) Ningali gunung ti kajauhan téh mata waas téténjoan.

waas = \_\_\_\_\_



9) Kaayaan tanah di Tatar Sunda téh kaitung subur.

subur = \_\_\_\_\_

10) Kahirupan rahayat di Indonésia téh can ma'mur.

ma'mur = \_\_\_\_\_

#### D. Nyangkem Unsur Sajak

Sajak téh kagolong kana salasahiji wangun ugeran. Najan kauger, tapi sajak mah teu cara pupuh nu kauger ku guru lagu jeung guru wilangan. Jadi, mun dibandingkeun jeung pupuh mah, sajak téh kaasup wangun ugeran anu bébas. Hartina, sajak henteu kauger ku guru lagu jeung guru wilangan. Disebut kauger sotéh pédah jumlah kekecapan dina sajak mah saeutik pisan, henteu lalusa saperti dina wangun lancar.

Sajak “Alam Padésan” téh diwangun ku opat pada. Tiap-tiap gundukan jumlah jajaran (padalisan)ana teu sarua. Geura urang petél.

- Pada kahiji diwangun ku 6 jajar: *8a-8a-8u-8i-8a-10a*;
- Pada kadua diwangun ku 5 jajar: *8a-8a-9a-9a-10a*;
- Pada katilu diwangun ku 4 jajar: *8a-10u-10u-10u*;
- Pada kaopat diwangun ku 4 jajar: *8a-9a-10a-10a*.

Dina sajak “Alam Padésan” aya kecap-kecap anu murwakanti atawa sarua sorana saperti sasaruuan sora /a/, /i/, jeung /u/.

##### 1. Sasaruuan sora /a/

*Éndah alam padésaan*

*Éstu lain pupulasan*

*Upluk-aplak pasawahan*

*Plung-plong, matak waas téténjoan*

*Leuweung héjo ku tatangkalan*

*Arula-arileu wahangan*

*Ngocorkeun cai canémbrang hérang*

## 2. Sasaruaan sora /u/

*Diriung ku gunung-gunung  
Taneuhna subur tatanén ma'mur  
Rohmat ti Gusti nu Maha Gofur  
Sangkan mahluk-Na daék tafakur  
Wajib diraksa jeung diriksa  
Ulah diruksak digunasika  
Keur sampeureun anak incu jaga*

## 3. Sasaruaan sora /i/

*Dikuriling pasir-pasir*

### E. Ngadiskusikeun Sajak

Ayeuna hidep dibagi jadi dalapan kelompok. Ari pancén diskusina atawa sawalana kieu.

1. Kelompok 1 jeung 2 nyawalakeun sajak “Candi Cangkuang”
2. Kelompok 3 jeung 4 nyawalakeun sajak “Lembur Kuring”
3. Kelompok 5 jeung 6 nyawalakeun sajak “Kota Bandung”
4. Kelompok 7 jeung 8 nyawalakeun sajak “Leuweung”.

Mun geus réngsé diskusi, wawakil kelompok nepikeun hasilna di hareupeun kelas.

#### Sawala 1:

#### 1. Niténan sajak

Pék baca heula dina jero haté ieu sajak di handap!

### Candi Cangkuang

*Kota Garut, kota kuring  
Kota Garut, kota Intan  
Kota nu pinuh ku kaéndahan*

*Kota nu subur ma'mur  
Kota asri tur kamashur  
Di kota éta aya hiji candi  
Hiji tanda ti karuhun  
Cicirén nagri lastari  
Jadi tuduh anak incu  
Seuweu-siwi nu mupusti*

*Ngajegir di pasir leutik  
Candi asri tur antik  
Candi éstu camperenik  
Mungguh hibar ku dangiang  
Nelahna candi Cangkuang  
Candi warisan luluhur  
Ku urang kudu dijaga  
Sangkan tetep lastari  
Teu ilang ti muka bumi  
Candi Cangkuang, candi urang saréréa*



*Sumber: [kebudayaanindonesia.net](http://kebudayaanindonesia.net)*

*Dicutat tina Majalah Manglé, No. 2111.*

## 2. Nyawalakeun sajak

Sajak “Candi Cangkuang” disawalakeun ku dua kelompok, nyaéta kelompok 1 jeung kelompok 2. Anu disawalakeunana kieu.

### KELOMPOK 1:

1. Pada kahiji dina sajak diwangun ku sabaraha jajar?
2. Kumaha kaayaan di Kota Garut téh?
3. Keur naon cenah gunana candi téh?
4. Kudu dikumahakeun candi téh ku seuweuh-siwi?
5. Keur tanda naon ari candi téh?

### KELOMPOK 2:

1. Pada kadua dina sajak diwangun ku sabaraha jajar?
2. Kumaha kaayaan candi téh cenah?
3. Ti mana cenah meunang candi téh?
4. Kudu dikumahakeun candi téh?
5. Naon sababna urang kudu ngajaga candi?

### Sawala 2:

#### 1. Nengetan sajak

Pék baca heula dina jero haté ieu sajak di handap!

### Lembur Kuring (Rahmawati)

*Ngajanteng di mumunggang tanjakan Cibuluh  
aya bagéa séah angin na daun awi  
sit uncuing ngelak nyeungceurikan tigrat  
manuk hujan mopoeun nyadaan hujan  
ngageuri*



*Ngahuleng di tungtung leuweung Cibuluh  
dipapag sawér kembang mahoni  
deudeuh teuing jati nu ngarangrangan*

*Béh ditu gunung beuki bedegul  
kidang tinggal beureumna  
tikukur ngari sorana  
jalak di tegalan teu bulu-bulu acan  
surili dina kiara  
taya di kieuna*

*Ucang-ucang dina cukang  
leuwi kuring ngembeng cimata  
nyangray batu parentul teu disarimbut  
ka marana ari dulur, baraya  
poho rumat, hilap riksa*

*Nikreuh dina jalan satapak leuweung Cibuluh  
Weléh teu bisa tepung jeung amis mata  
Deudeuh teuing sono kuring  
Ukur bisa lumengis jeroeun dada*


*Dicutat tina Majalah Manglé, No. 2041*

## **2. Nyawalakeun sajak**

Sajak “Lembur Kuring” disawalakeun ku dua kelompok, nyaéta kelompok 3 jeung kelompok 4. Anu disawalakeunana kieu.

### **KELOMPOK 3:**

1. Pada kahiji, kadua, jeung katilu dina sajak diwangun ku sabaraha jajar?
2. Kumaha kaayaan basa ngajanteng di mumunggang tanjakan Cibuluh téh?

- 
3. Dipapag naon basa ngahuleng di tungtung leuweung Cibuluh téh?
  4. Ceuk pada katilu, kumaha kaayaan di gunung jeung di tegalan téh?
  5. Naon nu geus teu nyésa di tegalan jeung di kiara téh?

#### KELOMPOK 4:

1. Pada kaopat dina sajak diwangun ku sabaraha jajar?
2. Ceuk pada katilu, kumaha kaayaan kuring téh?
3. Kumaha sikep dulur jeung baraya téh?
4. Kumaha lampah kuring di jalan satapak leuweung Cibuluh téh?
5. Kumaha sikep kuring kana kaayaan leuweung Cibuluh téh?

#### Sawala 3:

##### 1. Nengetan sajak

Pék baca heula dina jero haté ieu sajak di handap!

#### **Kota Bandung** **(Azahra Annisa Putri)**

*Kota Bandung anu asri  
Tempat kalahiran abdi  
Kota pendidikan jeung budaya  
Abdi resep jadi urang Bandung  
Bandung kota nu seungit lir kembang  
Hayu urang wangun babarengan  
Ngarah jadi kota nu bersih tur éndah.*



*Bandung Kota Bermartabat  
Ti bihari jadi pupujaning ati  
Hayu urang rempug jukung  
Ngawangun Bandung urang  
Sangkan nanjung salawasna dipigandrung  
Ditata-dijaga-diriksa  
Kota Kembang nu raresik*

*Kama'muran, Pendidikan  
Agamana, seni Budaya gé penting  
Tong poho Lingkungan Hirup  
Dirawat diacara  
Kaséhatan, Olahraga ulah suwung  
Masarakat Bandung cerdas  
Kréatip jeung berpréstasi. \*\*\*\*\**

*Sumber: [www.panoramio.com](http://www.panoramio.com)*

*Dicutat tina Majalah Manglé, No. 2263*

## **2. Nyawalakeun sajak**

Sajak “Kota Bandung” disawalakeun ku dua kelompok, nyaéta kelomok 5 jeung kelompok 6. Anu disawalakeunana kieu.

### **KELOMPOK 5:**

1. Pada kahiji dina sajak diwangun ku sabaraha jajar?
2. Kota Bandung téh jadi kota naon cenah?
3. Naon sababna kuring resep ka Kota Bandung?
4. Kudu dikumahakeun Kota Bandung téh?
5. Ti bihari geus jadi naon Kota Bandung téh?

## KELOMPOK 6:

1. Pada katilu dina sajak diwangun ku sabaraha jajar?
2. Naon anu penting ti Kota Bandung téh?
3. Kudu dikumahakeun lingkungan hirup téh?
4. Kudu kumaha olah raga jeung kaséhatan téh?
5. Kumaha kaayaan masarakat Kota Bandung téh?

### Sawala 4:

#### 1. Nengetan sajak

Pék baca heula dina jero haté ieu sajak di handap!

### Leuweung

*Ceuk Aki, cenah leuweung téh rembet ku kakayon*

*Tangkal gedé, tangkal leutik, tempat ngiuhan sato-sato pangeusina*

*Ceuk Nini, cenah leuweung téh tiis, katiisan walungan nu caina  
canémbrang hérang*

*Sato gedé, sato leutik, nya di dinya tempat nginumna*

*Sakalieun manusa asup ka dinya, nya di dinya tempat ngaleupaskeun  
hanaang*

*Duuhhh.....aya ku éndah geuning leuweung téh*

*Tempat nu matak betah, tempat hirup huripna sato nu bisa mangpaat  
keur manusa*

*Seug bisa metakeunana*

*Tapi geuning leuweung nu kasaksian bet béda*

*Béda jeung leuweung nu aya 'na dongéng Aki*

*Dongéng Ciung Wanara, dongéng Sangkuriang*

*Taya nu sarua jeung leuweung urang ayeuna*



*Kakayon nu cenah rembet, geuning raruntag  
Walungan nu cenah canémbrang hérang, geuning teu kitu!  
Nu aya tangkal raruntag, leuweung lénglang taya hahalang  
Cai teu kahalangan, walungan teu kahalangan akar-akar  
Séooooorrrrr.....buktina caah Wasior.....  
Rék kumaha urang.....?*

***Dicutat tina Majalah Manglé, No. 2307***

## **2. Nyawalakeun sajak**

Sajak “Leuweung” disawalakeun ku dua kelompok, nyaéta kelompok 7 jeung kelompok 8. Anu disawalakeunana kieu.

### **KELOMPOK 7:**

1. Pada kahiji dina sajak diwangun ku sabaraha jajar?
2. Ceuk Aki, kumaha kaayaan leuweung téh?
3. Ari ceuk Nini, kumaha kaayaan leuweung téh?
4. Jadi tempat nu kumaha leuweung téh?
5. Leuweung téh bakal pikabetaheun, lamun urang kumaha?

### **KELOMPOK 8:**

1. Pada kadua dina sajak diwangun ku sabaraha jajar?
2. Kumaha kaayaan leuweung nu kasaksian kiwari?
3. Kumaha kakayon dina leuweung kiwari?
4. Kumaha cenah kaayaan walungan kiwari?
5. Ceuk hidep, kudu kumaha sikep urang ayeuna kana leuweung?

## **F. Midangkeun Hasil Diskusi (Sawala)**

Sawala kelas dilaksanakeun dina minggu katilu jeung minggu kaopat. Tiap minggu aya opat kelompok anu macakeun sajak sarta midangkeun hasil sawalana.

### **Minggu katilu:**

Kelompok 1 jeung kelompok 2 midangkeun hasil sawala kelompok di hareupeun kelas.

- 1) Wawakil kelompok 1 jeung 2 macakeun sajak “Candi Cangkuang” sarta nepikeun hasil sawala.
- 2) Wawakila kelompok 3 jeung 4 macakeun sajak “Lembur Kuring” sarta hasil sawalana.

### **Minggu kaopat:**

- 1) Wawakil Kelompok 5 jeung 6 macakeun sajak “Kota Bandung” sarta hasil sawalana.
- 2) Wawakil Kelompok 7 jeung 8 macakeun sajak “Leuweung” sarta hasil sawalana.

## **G. Migawé Pancén di Imah**

Keur pancén di imah, ayeuna hidep néangan sajak séjénna. Bisa néangan tina buku, majalah, Koran, atawa internét. Pék salin kana buku pancén. Lamun sumberna buku, majalah, atawa koran, sebutkeun ngaran buku, majalah, jeung koranna. Lamun tina internét, sebutkan waktu jeung tanggal diunduhna.

Pangajaran

7

KAJADIAN



Sumber: [www.flickr.com](http://www.flickr.com)



Kajadian téh bisa lumangsung dina kahirupan orang sapopoé. Aya kajadian pikabungaheun aya ogé kajadian pikasediheun. Kajadian téh bisa ditepikeun dina rupa-rupa wangun wacana, di antarana waé, carita pondok. Ayeuna ogé hidep bakal diajar carpon nu eusina kajadian dina kahirupan.

## A. Maca Jero Haté

Ieu di handap aya carita pondok (carpon) karangan Benny Hamdani. Geura pék baca dina jero haté, tuluy tengetan eusina!

### Kembang Lili Kanggo Ibu



Tina sakitu lobana kembang, anu pangdipikaresepna ku Ibu téh kembang lili warna bodas. Saur Bapa mah, kembang lili bodas téh mangrupa gambaran Ibu. Basajan tapi geulis. Fajar jeung Putri kungsi nyaksian kacida bungaheunana Ibu, waktu dina hiji mangsa Bapa masihan kembang lili sabeungkeut ka Ibu.

“Ibu téh énjing ulang taun. Geus aya hadiahna acan? Ceuk Fajar ka Putri.

“Acan. Ari hoyong mah masihan kembang lili ka Ibu téh, tapi geuning mahal nya? Ceuk Putri ka lanceukna, “Kamari naroskeun ka toko kembang.”



“Tapi jigana mah angger moal cukup,” ceuk Putri kerung. Tapi, ujug-ujug Putri inget ka hiji imah anu unggal poé kaliwatan saban maranéhna indit ka sakola.

“Ééééhhhh....ari Aa émut teu, bumi ageung liliwatan urang ka sakola? Anu di buruanana seueur kembang lili?”

“Oooohhh....enya, bener. Inget, inget! Jigana lamun urang metik sababaraha tangkéy ogé anu bogana moal ngambek meureun, nya? Da kembangna téh loba pisan, nya? Ceuk Fajar bangun nu atoh. Putri unggeuk bari jigrah.

Isukna, maranéhna idit ka sakola saperti biasana. Maranéhna api-api poho yén poé harita téh ulang taun Ibu. Bari nungguan angkot, maranéhna papelong-pelong bari sareuri waktu nempo imah gedé nu diburuanana loba kembang lilian.

Samulangna ti sakola, barang jrut tina angkot, duanana terus meuntas nyampeurkeun imah kembang lili téa. Satepina ka nu dituju, Putri nyerangkeun Fajar nu leungeunna mimiti metikan kembang lili ti luareun pager, didongkangan.

“Héh! Éta nu duaan..... keur naon?” teu kanyahaoan aya nu ngagorowok ti loténg imah gedé éta. Fajar reuwaseun, terus metot leungeun adina bari leungeun nu hijina pageuh ngeukeuweuk kembang meunang metikan. Maranéhna kakara sadar, meuntas jalan gedé kurang ati-ati.

Cekkiiiiittttt.....!!!! teu kanyahoan aya mobil sédan anu ampir nabrak maranéhna. Supirna ngagorowok, reuwas ku barudak meuntas teu ati-ati. Fajar jeung Putri tonggoy leumpang gagancangan, teu maliré ka nu patinggorowok mangreuwaskéun.

Teu lila, maranéhna anjog ka hareupeun imahna. Saméméh sup ka imah, maranéhna ngatur napasna nu rénghap ranjug. Capé jeung reuwas kareureuhnakeun.

“Assalamu’alaikum.....! Selamat ulang taun, Buuuuuu....!” Ceuk duanana bari ngasongkeun sabeungkeut kembang lili ka Ibu nu molohok kénéh. Duanana ngagabrug ka Ibu. Duanana diciuman ku Ibu nu kacida bungaheunana narima sabeungkeut kembang lili.

Teu kungsi lila aya nu ngetrokken panto. Ibu reuwaseun barang ningali Pa Dodi keur ngajanteng hareupeun panto.

“Punten, Bu Surya....abdi téh aya nu badé didugikeun, perkawis putra-putra Ibu tadi di jalan,” saterusna, Pa Dodi ngajentrékeun sakur nu katingali ku anjeunna tadi di jalan. Fajar jeung Putri kacida reuwaseunana barang ngadéngé Pa Dodi nerangkeun kalakuan maranéhna metikan kembang lili anu saterusna ampir katabrak téa.

“Fajar.....Putri.....cing ka darieu sakedap, da balageur putra Ibu mah,” saur Ibu basa Pa Dodi geus pamitan.

“Ayeuna Ibu apal, kumaha jeung ti mana hidep meunang kembang lili ieu. Aya pelajaran nu ku hidep kudu dijadikeun catetan poé ieu,” Ibu mencrong duanana, ngareluk tungkul.

“Yeuh....darangukeun nya! Regepkeun! Keur Ibu mah....kembang lili ieu teu pati penting lamun dibandingkeun jeung nyawa hidep duaan. Naon hartina kembang lili keur Ibu dibandingkeun jeung hidep duaan. Kadé, engké mah ulah sakali-kali deui lalawora di jalan jiga kitu. Lamun meuntas, kudu di tempatna. Apan lebah dinya téh aya zébra kros,” saur Ibu bari angger mencrong nu duaan nu angger ngareluk.

“Hiji deui....metikan kembang tanpa permisi, éta téh lepat! Boro-boro di buruan bumi batur, di taman umum ogé teu hadé lamun hidep putak-petik sangeunahna. Sok bayangkeun, lamun hidep nu miara kembang éta, saban poé disiram, dipiara dihadé-hadé, ujug-ujug aya anu metik tanpa permisi. Bakal kuciwa, meureun? Nya....?”

Fajar jeung Putri unggeuk-unggeukan.

“Sok, jangji ka Ibu! Saur Ibu bari ngadeukeutan putra-putrana.

“Jangji....moal kitu-kitu deui” ceuk duanana ampir bareng.

“Jangji nya? Tapi hiji deui, énjing samémeh ka sakola, ulah hilap ménta dihampura ka anu kagungan bumi kembang lili, nya?”

“Muhun, Bu. Badé, ceuk Fajar. Ibu imut bari unggeuk.

“Jung ayeuna mah geura disaralin! Bapa sakedap deui sumping ti kantor, cenah rék ngajak urang makan-makan,” ceuk Putri deui.

“Heeemmmm....margi ayeuna uang taun Ibu, *special*....Ibu jangji, moal wawartos nanaon ka Bapa!” saur Ibu bari mencét irung Putri.

“Horéééééééhhhh.....Ibu bageueueueueurrrrrr!” ceuk Fajar jeung Putri bari ajrag-ajragan.\*\*\*\*\*

*Dicutat tina Majalah Manglé No. 2365 kaca 34*

## **B. Nyawalakeun Eusi Carpon**

Bacaan nu bieu dibaca ku hidep téh disebutna carpon atawa carita pondok. Ari carita pondok téh mangrupa carita anu mémang ukuranana pondok, jalan caritana henteu loba babagianana, waktu kajadianana henteu lila, sarta jumlah palakuna ogé saeutik.

Carpon ngabogaan unsur-unsur carita saperti téma, palaku, galur carita, latar, jeung amanat. Téma téh nyaéta jejer carita. Palaku mangrupa jalma-jalma anu dilalakonkeun dina carita, biasana boga watek nu tangtu. Galur carita ngagambarkeun lalampahan carita ti awal nepi ka ahir. Latar ngagambarkeun tempat, waktu, jeung suasana kajadian carita. Amanat nyaéta pesan nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu macana.

Pikeun maham eusi carpon, hidep kudu ngajawab ieu pertanyaan. Alusna mah diskusi jeung babaturan. Pék bagi jadi 6 kelompok. Tiap-tiap kelompok ngajawab hiji pertanyaan ieu di handap.

Kelompok 1 : Naon téma nu dicaritakeun dina éta carpon téh?

Kelompok 2 : Saha waé palaku dina éta carpon? Kumaha watek palakuna?

Kelompok 3 : Di mana, iraha, jeung kumaha suasana kajadian carita?

Kelompok 4 : Cik pék caritakeun, kumaha jalan caritana?

Kelompok 5 : Ari pangarang ngagunakeun kecap-kecap naon keur ngagambarkeun para palaku caritana?

Kelompok 6 : Ceuk éta carpon, kudu kumaha urang téh mun di jalan gedé atawa nyokot barang batur?

Mun pertanyaan di luhur geus dijawab, pék wawakil kelompok saurang-saurang ka hareup pikeun nepikeun jawaban tina hasil diskusi kelompokna. Murid-murid séjén nyaratet naon-naon nu ditepikeun ku wawakil kelompok.

### C. Ngalarapkeun Kecap

Dina bacaan di luhur téh aya kecap *pangdipikaresepna* hartina ‘paling dipikaresep’.

Kalimahna:

*Kembang lili téh pangdipikaresepna ku Ibu.*

Pasangkeun ieu kecap-kecap kana kalimah nu geus dikosongkeun.

- |   |                   |
|---|-------------------|
| 1. Déwi téh _____ di sakolana.                        | A. pangsonagarna  |
| 2. Dina soal ngawih mah,<br>Néni téh _____            | B. pangpunjulna   |
| 3. Di antara dulur-dulurna,<br>Wawan _____            | C. pangpinterna   |
| 4. Jajang téh _____, jangkungna<br>ngan 1,30 cm.      | D. pangbageurna   |
| 5. Féri _____ di antara<br>pamaén voli mah.           | E. pangdeukeutna  |
| 6. Leumpang Galih téh _____                           | F. pangwanterna   |
| 7. Ku sabab _____, lalangit gé bisa katoél.           | G. pangpendékna   |
| 8. Jarak imah Rudi ka sakola téh _____                | H. pangjangkungna |
| 9. Lantaran _____, Éni téh dipikanyaah<br>ku indungna | I. pangcangkerna  |
| 10. Di antara babaturanana, Dadang _____              | J. panggancangna  |

Ieu di handap aya kalimah-kalimah anu geus dikosongkeun. Pék lengkepan ku milih kecap nu geus disadiakeun di gigirna.

- |   |           |
|---|-----------|
| 1. Di perpsutakaan mah buku _____<br>téh lengkep. | A. maca   |
| 2. Cing, Ua _____ surat, Dén!                     | B. dibaca |
| 3. Buku téh _____ hiji-hiji taya nu kaliwat.      | C. macaan |



4. Ki Uding keur \_\_\_\_\_ surat  
ku incuna.
5. Pék \_\_\_\_\_ heula pituduh  
keur ngajawabna.
6. Ujang keur \_\_\_\_\_ buku di kamerna.
7. Uni keur \_\_\_\_\_ pituduh nginum obat  
keur ninina.
8. Buku téh \_\_\_\_\_ sing imeut, ulah aya  
nu kaliwat.
9. Méméh indit ka sakola,  
Nunu \_\_\_\_\_ heula.
10. Déwi keur \_\_\_\_\_ surat  
nu katarima ku manéhna.

D. dibacaan

E. bacaan

F. babacaan

G. baca

H. pangmacakeun

I. dipangmacakeun

J. mangmacakeun

## **D. Ngajembaran Carpon**

Pikeun ngajembaran wawasan hidep, pék baca deui carita pondok ieu di handap!

### **Ngabuburit (Haris Setiadi)**

Usum puasa, usum ngabuburit. Jadi émut kana dongéng Ceuceu keur alit. Emut sotéh pédah wé ayeuna abdi ogé keur puasa. Beuki karaos murilitna patuangan, beuki émut kana dongéng Ceuceu. Meureun Ceuceu ogé kapungkur sakieu laparna. Cacak abdi waé ayeuna tos kelas V, sakieu asa kasiksana. Komo Ceuceu harita teu acan sakola SD-SD acan, cenah.

“Ais, entong di kamar waé atuh. Ngabuburit geura, jalan-jalan ka mana mah, ngarah teu karaos!” Mamah anu nuju ngadamel kolek kakuping ngagorowok ti dapur.

“Moal ah, ieu nuju resep maca,” ceuk abdi bari api-api mukaan Manglé anu ti tadi ngagolér gigireun. Niat mah maca, tapi geuning lapar karaos waé. Jadi teu purun nanaon, kalah ka émut kana dongéng Ceuceu.

Ceuceu téh kapilanceuk abdi, putra Ua. Kapungkur mah bumi Ua téh caket abdi, tapi ayeuna mah ngalih ka Bandung. Atuh Ceuceu ogé ngiring ngalih ka Bandung. Ayeuna mah nuju kuliah Ceuceu téh, kapungkur mah basa caket abdi kénéh, sok sering ngadongéng. Resep, aya dongéng sasatoan aya dongéng pangalaman. Sakali mangsa Ceuceu ngadongéngkeun pangalaman dicandak ngabuburt ku tatanggana. Cenah, harita Ceuceu teu acan sakola, yuswana ogé nembé 5 taun satengah. Ti aalit Ceuceu tos rajin diajar puasa. Harita ogé kitu. Poé mimiti ngalakonan puasa.



Pasosoré, Ceuceu anu keur ameng di buruan diajak ku Tétéh-tétéh tatanggina jalan-jalan, ngabuburit. Ku Ua ogé diwidian, komo Tétéh anu ngajakna téhmurid Ua pisan.

Duka pédah tebih teuing, duka pédah poé munggaran puasa, di tengah jalan Ceuceu teu kiat nahan lapar. Untungna, harita téh caket ka bumina Wa Didi, sobat Ua. Ningalieun Ceuceu pias, cenah, Tétéh anu ngajak téh nyimpang ka bumi Wa Didi, da apaleun Wa Didi sobatna Ua.

Di bumi Wa Didi, Ceuceu digolérkeun dina korsi panjang, da leuleus teu bisa calik-calik acan, cenah. Ku Wa Mimih, istrina Wa Didi, Ceuceu disuguhan susu coklat sagelas jangkung. Leguk-leguk dileueut nepi ka séépna. Malah cenah, harita Ceuceu nyuhunkeun deui sagelas, nepi ka seep deui baé salegukeun. Kacaritakeun Tétéh nu ngajak ngabuburt téa kareureuwasan, gura-giru balik ka Ua, ngawartosan Ceuceu mopo di bumi Wa Didi. Uihna, Ceuceu digandong ku Ua. Cenah, Ua dinanaha ku Wa Didi, pajar maksa budak sina puasa. Padahal, Ua mah teu maksa teu sing, éstuning kahideng Ceuceu baé bakat ku palay diajar puasa. Émut kana dongéng Ceuceu, abdi jadi asa isin sorangan mun kudu éléh ku lapar jeung hanaang. Ceuceu ogé geuning anu sanu harita alit kénéh pisan tos keresa maksakeun diajar puasa, komo ieu abdi, tos kelas V. Enya ah, tahan wé lapar meueusan mah.

“Ais....Ais! Gugah! Magrib! Buka moal? Mamah ngaguyah-guyah. *Astgfirullahaladzim!* Teu karasa jadi ngaleyep. Tapi teu karasa, abdi kasaréan nepi ka magrib.

“Ngabuburit téh kalah dina kasur!” ceuk Mamah bari ngusap sirah abdi nu keur nyiuk kolek pisang karesep.\*\*\*

*Dicutat tina Majalah Manglé No. 2187 Kaca 46*

### Ngajawab pertanyaan

Carpon nu bieu dibaca ku hidep téh judulna “Ngabuburit”. Kabiasaan ngabuburit téh biasana dilaksanakeun dina bulan puasa. Ngabuburit téh ngadagoan burit nepi ka bedug magrib. Tangtu rupa-rupa kajadian nu sok kaalaman dina waktu ngabuburit téh. Haris Setiadi ogé ngagambarkeun pangalaman ngabuburit dirina.

Sangkan hidep leuwih nyangkem eusi caritana, pék jawab pertanyaan ieu di handap!

1. Naon téma nu dicaritakeun dina carpon di luhur?
2. Saha waé palaku dina éta carpon? Kumaha watek palakuna?
3. Di mana, iraha, jeung kumaha suasana kajadian dina éta carpon?
4. Kumaha jalan caritana éta carpon téh?

5. Ngagunakeun kecap-kecap naon, pangarang nyebutkeun palaku dina éta carpon?
6. Amanat naon nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca dina éta carpon?

### **E. Néangan Harti Kecap**

Kecap-kecap ieu di handap téngan hartina. Pék diskusikeun jeung babaturan! Alusna mah gunakeun kamus.


1. ngabuburit = .....  
Bulan puasa sok réa barudak ngabuburit.
2. kapungkur = .....  
Bandung téh kapungkur mah teu ramé cara ayeuna.
3. kapilanceuk = .....  
Pernahna Béni ka Kang Dadi téh kapilanceuk.
- 4) ngalakonan = .....  
Urang wajib ngalakonan salat nu lima waktu.
- 5) diwidian = .....  
Abdi diwidian wangsul ti sakola margi udur.
- 6) munggaran = .....  
Tangkal nu munggaran buahanana mah biasana tara leubeut.
- 7) disuguhan = .....  
Kuring jeung babaturan disuguhan dahar ku Pa Guru.
- 8) nyuhunkeun = .....  
Kang Nandang nyuhunkeun widi ka wali kelas bade wangsul.
- 9) ngawartosan = .....  
Apip ngawartosan guru-guru kedah gempungan.
- 10) hanaang = .....  
Ku margi olah raga di nu panas waé, abdi jadi hanaang.



## F. Maca Carpon Di Imah

Ieu di handap aya deui carpon keur bacaeun di imah. Minggu hareup laporkeun hasil maca hidep. Kumaha eusina carpon téh?

### Teu Damang Aki (Karya: Surtikanti)



Teu damangna Aki nu ayeuna mah geuning siga nu repot. Upami ngobrol, sakedap ogé dina telepon, sok teras gohgoy. Malah basa abdi ngalayad ka bumi Aki, ari tos gohgoy téh geuning sok teras ngaludah kana botol kosong tilas minuman.

Biasana mah upami abdi sareng Jati ameng ka bumi Aki, abdi duaan sok diajak jalan-jalan ka kebon bari teras maraban lauk di balong. Aki mah jarang teu damang. Upami teu damang téh paling flu biasa. Tapi, teu damang Aki nu ayeuna mah katingalina rada répot. Abdi sareng Jati ngajak ka balong ogé tara kersaeun.

“Sok énggal cape Aki téh ayeuna mah, mapah sakedik ogé,” saur Aki, basa ku abdi diajak maraban lélé di balong.

“Ih....gegelutan mah teu tiasa atuh Aki téh, komo,” saur Aki bari gumujeng, basa Jati keukeuh ngajak gegelutan sapertos biasana.

Dina hiji dinten, énjing-énjing sateuacan arangkat damel, Ayah sareng Ibu sasauran cenah uih didamel bade teras ka bumi Aki.

“Bilih Aki téh kedah dirawat,” saur Ibu.

“Dirawat téh naon, Bu?” Jati naros.

“Dirawat téh dilandongan di rumah sakit, tapi Akina kedah bobo di ditu,” saur Ayah.

“Ari Éni kumaha atuh...? Pami Aki di rumah sakit mah, atuh Éni di bumi nyalira?” saur abdi émut ka Éni.

“Moal...puguh Éni téh piwarang ngaréncangan di rumah sakit. Tah, bilih Éni repot ngaréncangan nyalira, Ibu sareng Ayah, engké uih ti padamelan bade ngalereskeun heula Aki ka rumah sakit. Nyai sareng Jati antosan heula sareng Bi Éni nya! Saur Ibu.

“Upami rada wengi, barobo heula wé di bumi Bi Ani, nya? Engké Ayah uih, dipangkon,” saur Ayah.

Dugi ka sonten. Enya wé leres. Ayah sareng Ibu téh teu acan uih. Dugi ka wengi, basa abdi tos tunduh pisan, teu acan uih kéneh waé.

“Bobo wé Nyi, tunduh mah. Apan saur Ayah, upami bobo ogé engké dipangkon dicandak uih,” saur Bi Ani ka abdi, basa ningali abdi ngerelek waé.

Subuh-subuh, basa abdi kagugahkeun ku alarm hand phone, Ayah nuju bobo sareng Jati. Malah Ibu mah nuju ngetik. Naskah kintunkeuneun ka Manglé sigana mah.



“Nyai, dieu geura. Tuh tingali, aya poto Aki nuju bobo di rumah sakit. Ku Bibi tadi wengi dilebetkeun kana *facebook*,” saur Ibu bari ngiserkeun laptopna ngarah langkung jelas katingalna ku abdi.

Euleuh...geuning enya, leres. Teu damang Aki anu ayeuna mah meni kedah dugi ka dikitu. Dina panangan aya selang, kana pangambung aya anu dilebetkeun.

“Anu nganteng dina pananganana, éta téh selang infus, Nyai.....tah, upami anu dilebetkeun kana pangambung éta mah selang oksigén.”

“Infus téh naon, Bu?”

“Infus téh cai gegentos tuangeun sareng leueuteun Aki, ambéh salirana angger aya tanagaan. Upami oksigén, apan kanggo mantuan kalancaran pernafasan Aki,” saur Ibu deui.

“Kunaon kitu Bu, Aki téh? Abdi beuki panasaran.

“Kawitna pisan mah, pédah Aki sedep ngaroko. Janten, kedahna mah jalmi téh teu kénging ngaroko. Haseup roko téh lami-lami mah bakal ngareksak paru-paru, Aki ogé janten sesek napas. Jadi tiasa ngaganggu ogé kana jantungna. Saur dokter mah, jantung Aki téh tos aya pembengkakan. Rada bareuh, Nyai.....,” saur Ibu, bari jiga anu badé nangis.

Euleuh...geuning nyaah wé nya....roko téh ngabahayakeun kaséhatan. Aki anu kapungkur mah sok kiat ngagandong abdi.... ayeuna mah tos teu tiasaeun ngagandong Jati-Jati acan. Padahal Jati mah apan genep taun gé acan. Janten abdi percanten yén meroko téh dapat mengganggu keséhatan. Kabuktosan, teu damangn Aki ogé ku alatan seueur teuing nyesep.\*\*\*

*Dicutat tina Majalah Manglé No. 2377.*

Hidep geus maca carpon nu judulna “Teu Damang Aki”. Pikeun nyangkem eusina, pék jawab sakur pertanyaan ieu di handap.

- 1) Naon téma nu dicaritakeun dina éta carpon téh?
- 2) Kumaha ari watekna Aki téh?
- 3) Ari kaayaan Aki ayeuna kumaha?
- 4) Jaba ti Aki, saha waé nu dicaritakeun dina éta carpon téh?
- 5) Iraha jeung di mana kajadian carita dina éta carpon téh?



- 6) Badé naon Aki téh dicandak ka rumah sakit?
- 7) Kumaha galur atawa runtuyan caritana éta carpon téh?
- 8) Ngagunakeun kecap-kecap naon pangarang dina nyebutkeun palaku carita?
- 9) Kunaon Aki téh teu damangna?
- 10) Kudu kumaha urang téh ceuk éta carpon?

## G. Ngarang Carpon

Hidep geus diajar maca sababaraha carpon. Malah geus ditengenan tur dianalisis eusina. Tangtu hidep geus boga kaweruh jeung bekel pikeun diajar nulis atawa ngarang carpon. Mémang henteu babari ngarang carpon téh. Tapi urang bisa diajar.

Ayeuna ogé hidep bakal diajar nulis atawa ngarang carpon. Sangkan babari, geus dibéré sabagian paragraf carponna. Pancén hidep ngalengkepan tur nuluykeun ieu carpon.

### Ka Museum Sribaduga



Sumber: [iluvbandung.blogspot.com](http://iluvbandung.blogspot.com)

Isuk-isuk kénéh barudak SD Sukarasa geus karumpul di sakolana. Mémang poé éta téh barudak rék ka Museum Sribaduga. Ka museumna diaping ku ibu jeung bapa guru. Barungah katempona barungaheun pisan. Ari sababna, maranéhna can kungsi indit ka museum.



“Héy, barudak siap-siap mobil keur keur ka museum geus datang?”  
Ceuk Pa Wandu ngagorowok.

Atuh barudak téh pahibut. Cug-ceg kana kantongna sewang-séwangan. Pa Wandu ngatur barudak sangkan teu paheula-heula. Barudak sina baris heula. Geus kitu mah, barudak nungtut arasup kana mobil.

Di perjalanan barudak éak-éakan bari kakawihan. ....

.....  
.....  
.....  
.....  
.....

Sanggeus nepi ka tujuan, mobil diparkir di buruan museum. Barudak kaluar tina mobil angkutan bari ngagarandong kantong. ...

.....  
.....  
.....  
.....  
.....

Pa Wandu leumpang muru ka lokét karcis, tuluy meuli keur sajumlah barudak. Geus kitu, ngagupayan barudak sangkan nuturkeun asup ka gedong museum.

.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....

Kira-kira tabuh 12-an, rombongan barudak kaluar ti musieum, tuluy ngarumpul di béh juru. Barudak maruka bekel dahareun. ....

.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....



## H. Nyaritakeun Eusi Carpon

Keur pancén di imah, ayeuna hidep néangan carita pondok séjénna. Bisa néangan tina buku, majalah, atawa internét. Alusna mah dituliskeun ti mana sumber dicutatna. Lamun sumberna buku, majalah, atawa internét, sebutkeun ngaran buku jeung majalahna, taun diterbitkeunana.

Mun geus meunang, tuliskeun deui éta carpon téh. Tuluy baca, jieun ringkesanana. Engké caritakeun deui di hareupeun kelas.



Pangajaran

8

# KAJADIAN TEMPAT



Sumber: [en.wikipedia.org](https://en.wikipedia.org)



Tatar Sunda téh beunghar ku rupa-rupa carita rayat atawa dongéng. Aya dongéng sasatoan, dongéng jalma biasa, dongéng mahluk gaib, dongéng sasakala, dongéng sajarah, jeung sajabana. Ari hidep kungsi diajar dongéng naon waé di kelas III jeung kelas IV? Ayeuna ogé hidep bakal diajar deui dongéng, hususna dongéng sasakala atawa dongéng asal-usul patempatan.

### A. Maca Jero Haté

Ieu di handap aya dongéng sasakala. Eusina nyaritakeun kajadian tempat. Geura pék baca dina jero haté, tuluy tengetan eusina!

#### Sasakala situ bagendit



Sumber: [www.hoteldigarut.net](http://www.hoteldigarut.net)

Kacaturkeun aya awéwé nu kasohor ku beungharna, ngaranna Nyi Endit. Najan beunghar, tapi Nyi Endit téh kawentar ogé ku korétna. Nyi Endit tara ieuh sok barang béré ka batur, komo sedekah mah. Lamun boga dahareun, ti batan dibikeun mah kalah dipiceun. Ku peditna, upama aya nu ngahaja datang gé tara ieuh pirajeunan méré. Nyi Endit gé tara ngajénan batur. Sakalieun nginjeumkeun duit gé, mun malikkeun, kudu waé ditambahan.

Dina hiji poé, kampung Nyi Endit kadatangan aki-aki kundang iteuk. Leumpangna jumarigjeug. Katempona mah jiga lapareun kacida, sabab remen ngalungsar bari nyekelan beuteung. Tapi urang lembur




ogé taya nu wawuheun ka si Aki téh. Jaba ti éta, urang lembur téh teu barisaeun méré dahareun ka si Aki sabab keur paceklik. Rata-rata jalma di éta tempat kagolong jalma teu boga sarta sarwa kakurangan.

Si Aki geus sababaraha poé nalingakeun imah Nyi Endit nu pangsigrongna. Kaayaanana béda pisan jeung kaayaan imah lianna di éta lembur.

Dina hiji mangsa, Nyi Endit keur niténan kekembangan di buruan bari nulak cangkéng jeung tutunjuk ka badégana nu keur sasapu. Katémbong si Aki leumpang jumarigjeug bari mawa iteuk. Ngarayap asup ka buruan Nyi Endit, tuluy unjuk salam. Nyi Endit teu ngajawab anggur ngageroan badégana sangkan ngusir si Aki nu dianggap barangmaén. Tapi basa badégana nyampeurkeun, si Aki kalah ngacungkeun iteukna, bari nyarita yén manéhna, lain rék barangmaén tapi rék ngélingan Nyi Endit, sangkan ulah sombong jeung takabur. Sabab harta banda mah ngan sakadar titipan Alloh. Dunya barana moal langgeng, hirup butuh ku dulur jeung batur. Si Aki tuluy ngaléos. Diomongan kitu téh Nyi Endit kalah ngajanteng bari olohok teu bisa ngomong.

Sangeus ngélingan Nyi Endit, si Aki muru ka tengah lembur. Tuluy ngacungkeun iteukna, tur ditancebkeun kana taneuh. Sanajan jiga nu teu maké tanaga, tapi iteuk téh ngabelesek saparapatna kana jero taneuh, tuluy iteukna dicabut deui. Terus ngaléos duka ka mana.





Isukna urang lembur gujrud, yén aya liang cai anyar di tengah lembur. Caina mudal, beuki lila beuki manceran tur ngagedéan, nepi ka semet bitis. Mimitina mah taya nu percayaeun, tapi sanggeus banjir mah jalma-jalma patingcorowok bari kohkol ditihtirkeun.

Urang lembur buriak ngarungsi, nyingkahan banjir nu mimiti ngeueum éta lembur. Harita Nyi Endit mah keur jongjon mémérés peti tempat nyimpen emas permata. Manéhna anteng teu miroséa bahaya nu aya di sabudeureunnana. Sanggeus bébérés, Nyi Endit kacida reuwaseunnana nempo cai nu pohara gedéna. Kawas dina ngimpi, manéhna sababaraha kali gegeroan sabab teu yakin kana tetempoannana. Nyi Endit kakara sadar, paingan ti tatadi kohkol nihtir baé sihoréng lembur kakeueum banjir.

Cai upluk-aplak di mana-mana. Lembur nu sakitu legana téh ngan kari lebah-lebahna. Lembur téh geus salin rupa jadi situ anu lega. Nepi ka kiwari, eta situ téh masih aya, nu katelah Situ Bagendit. Jigana dicokot tina lalandian Bagénda Endit. Kiwari loba nu daratang ka Situ Bagendit, ngadon arulin jeung tumpak rakit.

## **B. Ngadiskusikeun Dongeng Sasakala**

Sangkan hidep paham kana dongéng sasakala, pék jawab pertanyaan ieu di handap! Hidep dibagi jadi lima kelompok. Tiap kelompok ngajawab pertanyaan anu béda-béda.

### **KELOMPOK 1:**

1. Naon téma nu dicaritakeun dina dongéng sasakala Situ Bagendit téh?
2. Saha palaku utama dina éta dongéng?

### **KELOMPOK 2:**

3. Kumaha watek palaku utama dina éta dongéng?
4. Di mana tempatna jeung iraha waktu kajadian carita dina éta dongéng?

### KELOMPOK 3:

5. Kumaha kaayaan wewengkon harita ceuk éta dongéng?
6. Kumaha paripolah masarakat harita waktu cai ngagulidag?

### KELOMPOK 4:

7. Kumaha jalan caritana tina éta dongéng téh?
8. Ulah kumaha urang hirup ceuk éta dongéng?

### KELOMPOK 5:

9. Dicokot tina kecap naon ngaran Situ Bagendit téh?
10. Di mana ayana Situ Bagendit téh?

## C. Ngalarapkeun Kecap

Dina dongéng “Situ Bagendit” aya kalimah kieu:

*Kacaturkeun aya awéwé nu kasohor ku beungharna.*

*beunghar* = \_\_\_\_\_

*beunghar* = *jegud, kaya*

Kecap *beunghar* téh sarua hartina jeung kecap *jegud* atawa *kaya*.

Téangan kecap sasaruana. Pigawé kawas conto di luhur!

1. Nyi Endit kawentar ku korétna.  
korét = \_\_\_\_\_
2. Boga dahareun téh ti batan dibikeun kalah dipiceun.  
dibikeun = \_\_\_\_\_
3. Boga dahareun téh ti batan dibikeun kalah dipiceun.  
dipiceun = \_\_\_\_\_

4. Sakalieun nginjeumkeun duit gé, mun malikkeun kudu  
ditambahan = \_\_\_\_\_
5. Aya jelema umurna geus kacida kolotna.  
kolot = \_\_\_\_\_
6. Éta jelema téh katempona siga lapareun kacida.  
katempo = \_\_\_\_\_
7. Nyi Endit nyokot peti paranti nyimpen emas permata.  
nyimpen = \_\_\_\_\_
8. Nyi Endit teu miroséa bahaya banjir.  
miroséa = \_\_\_\_\_
9. Isukna urang lembur gujrud.  
gujrud = \_\_\_\_\_
10. Urang lembur buriak nyingkahan banjir.  
nyingkahan = \_\_\_\_\_

Dina dongéng “Situ Bagendit” aya kalimah kieu:

*Kacaturkeun aya awéwé nu kasohor ku beungharna.*


*beunghar* >< \_\_\_\_\_

*beunghar* >< *miskin*

Kecap *beunghar* téh sabalikna tina kecap *miskin*. Ieu di handap aya kecap-kecap anu kudu ditéangan kecap sabalikna. Pigawé kawas conto di luhur!

1. Nyi Endit katotol korét kacida.  
korét >< \_\_\_\_\_
2. Boga dahareun téh ti batan dibikeun kalah dipiceun.  
dibikeun >< \_\_\_\_\_
3. Boga dahareun téh ti batan dibikeun kalah dipiceun.  
dipiceun >< \_\_\_\_\_



- 
4. Sakalieun nginjeumkeun duit gé, mun mayar kudu ditambahan.  
ditambahan >< \_\_\_\_\_
  5. Aya jelema umurna geus kolot kacida.  
kolot >< \_\_\_\_\_
  6. Éta jelema téh katempona siga lapareun kacida.  
lapar >< \_\_\_\_\_
  7. Imah Nyi Endit téh alus pisan, béda ti batur.  
alus >< \_\_\_\_\_
  8. Imah Nyi Endit téh alus pisan, béda ti batur.  
béda >< \_\_\_\_\_
  9. Iteuk téh ditancebkeun kana jero taneuh.  
jero >< \_\_\_\_\_
  10. Urang lembur buriak nyingkahan banjir.  
buriak >< \_\_\_\_\_

#### **D. Mikaweruh Dongéng**

Dongéng téh carita anu ukuranana pondok. Dongéng mirip jeung carita pondok. Duanana kaasup carita anu ukuranana pondok. Bédana téh dina dongéng mah sok aya unsur nu pamohalan atawa teu asup akal. Dongéng téh sok tara jelas nu ngarangna (anonim). Sumebarna dongéng tatalépa sacara lisan, ti kolot ka anakna atawa ti aki ka incuna.

Aya rupa-rupa dongéng, nyaéta: (1) dongéng sato (fabel), (2) dongéng déwa (mythos); (3) dongéng jalma teu lumrah (parabél); (4) dongéng sasakala, jeung (5) dongéng jurig. Dongéng-dongéng anu sumebar ku lisan téh ayeuna mah geus réa anu dibukukeun mangrupa kumpulan dongéng. Biasana sok disebutkeun saha nu ngumpulkeunana.

## E. Ngadongéng

Ieu di handap aya hiji deui dongéng sasakala keur bacaeun di imah. Pék ku hidep baca, tuluy apalkeun! Minggu hareup saurang-saurang ka hareup pikeun nyaritakeun deui dongéng.

### Sasakala Situ Paténggang



Sumber: [tourdegarut.blogspot.com](http://tourdegarut.blogspot.com)

Jaman baheula aya hiji karajaan. Nelahna Karajaan Kuta Gedé. Ari pernahna aya di tutugan Gunung Sepuh atawa Gunung Patuha. Kaayaan nagarana aman tur raharja. Rahayatna ogé hirup tingtrim. Manahoréng karajaan téh diheuyeuk ku putri geulis nu masih kénéh sawawa. Jujulukna Ratu Ayu Arda Candra.

Najan masih sawawa, Ratu Ayu téh tapis pisan dina ngolah nagara. Tangtu waé henteu nyorangan, dibantuan ku kapetenganana. Aya tiluan kapetengan Ratu Ayu téh, nyaéta Lembu Wulung, Liman Jaya, jeung Paksi Giri. Salasaurang kapetenganana, nyaéta Lembu Wulung bogoheun ka Ratu Ayu. Tapi teu kungsi balaka lantaran ngarasa boga pangkat handap.

Hiji waktu Ratu Ayu ngayakeun gempungan atawa sinéwaka. Karumpul kapetengan jeung para cutak ti unggal wewengkon, di antarana Cutak Cibuni. Dina éta gempungan, Cutak Cibuni ngabéjakeun yén di wewengkonna loba rahayat ti nagara Kuta Waringin, anu ngadon

bubuara. Di antara nu bubuara téh aya nonoman kasép anu ngaranna Jaka Sona. Ceuk Jaka Sona, pangna ngungsi téh lantaran di nagarana keur riweuh tur teu aman. Ngadéngé béja kitu, Ratu Ayu téh kacida ngajenghokna. Satuluyna mah, Ratu Ayu ngidinan Jaka Sona jeung nu ngarungsi ti Kuta Waringin bubuara di nagarana. Tapi aya saratna, urang Kuta Waringin kudu nurut kana aturan di nagara Kuta Gedé.

Sanggeus tepung jeung Jaka Sona, Ratu Ayu téh ngarasa bogoh. Kitu deui, sabalikna Jaka Sona ogé bogoheun ka Ratu Ayu. Tapi, hubungan antara Ratu Ayu jeung Jaka Sona téh mindeng dihalang-halang ku Lembu Wulung. Ari sababna, Lembu Wulung ogé bogoheun ka Ratu Ayu.

Hiji waktu Ratu Ayu téh bébéja ka emban jeung kapetenganana. Manéhna rék niiskeun pikir di Cibuni. Enya wé dihalang-halang ku Lembu Wulung. Ari carana ku maksa Cutak Cibuni sangkan ngabéjakeun ka Ratu Ayu, yén di Cibuni keur aya karaman. Éta karaman téh diluluguan ku urang Kuta Waringin. Jaba ti éta, Jaka Sona ogé dipaksa kudu nepungan Lembu Wulung. Atuh ngadéngé béja kitu, Ratu Ayu brek gering parna.

Kacaritakeun Jaka Sona nepungan Lembu Wulung katut kapetengan lianna.

Harita diterangkeun yén Ratu Ayu keur gering parna, alatan kaleleban ku Jaka Sona. Tapi Lembu Wulung ogé nyaritakeun yén moal mungkin Ratu Ayu kawin jeung Jaka Sona ti kalangan rahayat biasa. Dikitukeun téh Jaka Sona ukur ngeluk tungkul baé. Lembu Wulung ogé nitah, sangkan Jaka Sona nemahan pati, ambéh Sang Ratu cageur deui. Puguh baé, Jaka Sona téh reuwaseun kacida, ngadéngé omongan kitu téh. Ku sabab pohara bogohna ka Ratu Ayu, Jaka Sona ikhlas nginum racun nepi ka maotna. Layon Jaka Sona, geuwat diteundeun di panyepén.

Cutak Cibuni sabenerna ngarasa melangeun ka Jaka Sona. Nu matak geuwat nyusul ka dayeuh. Tapi kacida handeueuleunana barang dibéjaan yén Jaka Sona geus nemahan pati téh. Lamun teu elat mah, pasti Jaka Sona katulungan. Saenyana, Cutak Cibuni kakara apaleun yén Jaka Sona téh horéng putra raja ti hiji nagara séjén.



Kacaritakeun para kapetengan gancang ngadeuheus ka Sang Ratu. Maranéhna laporan yén karaman di Cibuni katangkep sarta geus dihukum pati. Layonna diteundeun di panyepén. Éta layon téh ku Ratu Ayu ditingal. Barang ningal layon Jaka Sona, Ratu Ayu ngajerit bari sasambat ka nu geus maot. Atuh nu karumpul di dinya ogé ngarasa ngangres. Kitu deui, Lembu Wulung ogé ahirna mah ngarasa salah jeung boga dosa, sabab éta kajadian téh diatur ku dirina.

Ratu Ayu kaleleban ku Jaka Sona. Aya mingguna Nyi Putri tara kaluar ti kaputrén. Geus cul baé ngurus nagara ogé. Basa Nyi Ratu keur nyepi, aya haréwos gaib yén Nyi Putri bakal bisa ngahiji jeung sukma Jaka Sona ngan aya saratna. Ari saratna téh lamun nagara Kuta Gedé geus carem jadi situ. Kalawan teu mikir panjang deui, Putri Ayu gancang ngajugjug ka makam Jaka Sona nu aya di mumunggang pasir.

Keur jongjon ngawur-ngawur rampé dina makam Jaka Sona, torojol aya uncal jalu nyampeurkeun. Tandukna ranggah, buluna ngagilap hérang. Sang Ratu ngarénjag, tapi jorojoy baé aya panyangka yén éta uncal jalu téh mamalihan Jaka Sona. Katémbongna bangun lindeuk pisan, ku Sang Ratu terus dirangkul beuheungna.

Najan geus maju ka peuting, Ratu Ayu henteu mulang deui ka karajaan. Atuh para emban téh guyur, duméh kaleungitan Sang Ratu. Kapetengan katut emban bung-beng néangan ka ditu ka dieu, tapi weléh teu kasusud. Ngan Bi Surti anu terus rasa téh. Ceuk dina pikirna pasti Ratu Ayu keur aya di makam Jaka Sona. Terus baé Bi Surti, para emban lianna, jeung kapetengan muru ka mumunggang pasir. Tapi Ratu Ayu geus teu nyampak.





Sang Ratu sabenerna mah nyumputna téh teu jauh. Anu matak basa ngadéngé Bi Surti jejeritan téh, Sang Ratu kacida sedihna. Teu kaampeuh cipanonna murubut ragrag kana cinyusu. Dadak sakala, éta sumber cai téh jadi ngaburial ngagedéan, tuluy caina ngagulidag. Antukna, tegal mimiti kakeueum jadi situ. Nyi Putri jeung uncal jalu mah tuluy kukurubutan ka tempat anu leuwih luhur.

Cai anu ngajubleng di tegal téh beuki lila beuki luhur baé. Éta tempat robah jadi situ. Nya kiwari, katelah Situ Paténggang, pernahna kiduleun Kota Bandung.

### 1. Ngajawab pertanyaan

Hidep geus maca jeung nyaritakeun deui dongéng sasakala “Situ Paténggang”. Pikeun maham eusina, pék jawab pertanyaan ieu di handap. Bisa diskusi jeung babaturan.

1. Naon jejer atawa témana éta dongéng téh?
2. Saha waé palakuna?
3. Kumaha watek palakuna?
4. Di mana kajadian éta carita?
5. Iraha waktu kajadianana?
6. Kumaha suasana kajadianana?
7. Caritakeun jalan caritana?
8. Saha nu kaleleban ku Jaka Sona téh?
9. Ceuk éta carita, urang téh ulah boga sipat kumaha?
10. Unsur naon nu teu asup akal dina éta dongéng?

### 2. Néangan kecap nu hésé

Ayeuna ku hidep baca deui dongéng Sasakala Situ Paténggang téh, tuluy tengetan deui kecap-kecap anu ku hidep dianggap hésé. Pék runtuykeun sarta téangan hartina! Bisi hésé bisa badami jeung babaturan atawa gunakeun kamus.

### 3. Ngadongéngkeun deui

Pék ku hidep dongéngkeun deui sasakala Situ Paténggang. Sing merenah jalan caritana jeung lentong ngadongéngna.

## F. Ngajembaran Dongéng

Ayeuna hidep kudu maca deui dongéng pikeun ngajembaran kaweruh hidep. Geura pék baca dina jero haté!

### Sasakala Selat Sunda Jeung Gunung Krakatau



Sumber: [www.belantaraindonesia.org](http://www.belantaraindonesia.org)

Kacaturkeun jaman baheula di Pulo Jawa béh kulon, aya hiji karajaan anu rajana Prabu Rakata. Sang Prabu boga anak dua. Anu cikal ngaranna Radén Sundana, ari anu bungsu ngaranna Radén Topobrana. Harita mah Pulo Jawa jeung Pulo Sumatra téh masih ngahiji.

Kumargi Prabu Rakata téh geus kolot pisan, karajaan téh dibagi dua tur diwarsikeun ka anakna. Karajaan béh wétan bagéan Radén Sundana, ari karajaan béh kulon bagéan Radén Topobrana. Geus kitu mah, Sang Prabu tuluy ngabagawan di wates éta dua karajaan. Sang Prabu miang teu mawa nanaon, ngan mawa guci pusaka.

Hiji mangsa dina taun kagenep, Sang Prabu téh ngadéngéeun yén anakna paraséa. Radén Sundana ngarurug karajaan adina Radén Topobrana. Sang Prabu téh ceg kana guci anu geus diseusi ku cai laut téa, tuluy miang ka médan laga. Kasampak dua anakna keur perang campuh, atuh Sang Prabu téh kacida benduna.

Nempo Sang Parbu datang, reg wéh perang téh eureun. Radén Sundana jeung Radén Topobrana langsung nyampeurkeun, cedok nyembah ka Prabu Rakata. Kitu deui, para prajuritna. Atuh Radén Sundana jeung Radén Topobrana téh beak beresih dicarékan ku Prabu Rakata, teu kaliwat para prajuritna. Duanana tarungkul da rumasa salah.

Ti dinya Sang Prabu Rakata nangtung, ceg kana guci pusaka téa. Tuluy cai laut anu aya dina guci téh dikucurkeun di sapanjang wates dua karajaan. Ari guci kosongna diteundeun di tapel wates éta dua karajaan. Ti dinya mah, Prabu Rakata miang deui ka patapaanana.

Teu lila ti harita, wates karajaan anu dicébor ku cai laut téh dadak sakala jadi laut anu meulah dua karajaan. Laut anu meulah pulo téh disebutna selat. Nu kiwari disebut Selat Sunda, nyokot tina ngaran Radén Sundana, anu sarakah hoyong wilayah raina. Ari guci nu diteundeun dina wates karajaan téa ngajanggélék jadi gunung, anu katelah Gunung Rakata atawa Gunung Krakatau. Tah, kitu sasakala Selat Sunda jeung Gunung Krakatau téh.

### **Ngaruntuykeun Kecap anu Hésé**

Sanggeus maca dongéng Sasakala Selat Sunda jeung Gunung Krakatau, ku hidep runtuykeun heula kecap-kecap anu dianggap hésé. Geus kitu, téangan hartina. Hidep diskusi jeung babaturan, néangan dina kamus, atawa nanyakeun ka babaturan. Hasilna laporkeun dina buku pancen.

### **G. Néangan Dongéng**

Keur pancén di imah, ayeuna hidep dongéng séjénna. Bisa néangan tina buku, majalah, internét, atawa nanyakeun ka kolot hidep. Lamun sumberna buku, majalah, atawa internét, sebutkeun ngaran buku jeung majalahna, atawa waktu dicutatna tina internét.

## Daptar Pustaka

*“Buah Cangkudu”* dina Majalah *Manglé*, No.2134

Danabrata, R.A. 2009. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat.

Hadi, Ahmad, Spk. 2011. *Peperenian*. Bandung: Geger Sunten.

*“Hasiat Buah Alpuket”* dina Majalah *Manglé*, No. 2197

Irawan, Astri Martiani. *“Alam Padésan”* dina Majalah *Manglé*, No. 2414

LBSS. 2007. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.

Putri, Azahra Annisa. *Sajak “Kota Bandung”* dina Majalah *Manglé*, No. 2263

Rahmawati. *Sajak “Lembur Kuring”* dina Majalah *Manglé*, No. 2041

*Sajak “Candi Cangkuang”* dina Majalah *Manglé*, No. 2111

*Sajak “Leuweung”* dina Majalah *Manglé*, No. 2307

Setiadi, Haris. *Sajak “Ngabuburit”* dina Majalah *Manglé* No. 2187

Surtikanti. *“Teu Damang Aki”* dina Majalah *Manglé* No. 2377

Suryani NS, Elis. 2010. *Badingkut*. Bandung: Danan Jaya.

Tim Unicode Aksara Sunda. 2008. *Aksara Sunda untuk Unicode*. Bandung: Disdik Provinsi Jawa Barat.

*“Ubar Ajaib”* dina Majalah *Manglé*, No.1996

Wibisana, Wahyu Spk. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda*. Bandung: Geger Sunten.

Widaniawati, Wiwin. 2011. *Ajén-ajén Etnopédagogi dina Dongéng di Kota Tasikmalaya*. Bandung: SPs UPI.